ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

# АДЫГЭ ЛИТЕРАТУРЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№53 (21.461) ● 2009 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 20, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэжэр А. Хь. и Iуэхуки Э

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэжэр Альберт Хьэту и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и къулыкъур щхьэщыхьи, ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхьIуэм и депутату зэрыхахам къыхэкIыу.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент**
**КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2009 гъэм гъатхэпэм и 17-м*
*№32-УП*

Чеченов А. А. и Iуэхуки Э

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Чеченов Ануар Ахъмэт и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэм и къулыкъур щхьэщыхьи, ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхьIуэм и депутату зэрыхахам къыхэкIыу.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент**
**КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2009 гъэм гъатхэпэм и 17-м*
*№33-УП*

● Дыгъуасэ

## ЗэфIагъэкIахэм ироплъэж

**КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен район администрацэхэм я Iэтащхьэхэм дыгъуасэ яIущIащ. А зэIущIэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Iуэхуки къулыкъур зыхуагъэфащэ Чеченов Ануар.**

КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр **Мусуков Алий** зэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ «КЪБР-м и жылагъуэхэм социальнэ, инженернэ зыужьыныгъэмрэ уХэныгъэхэмкIэ я екъулIныгъэхэр» республикэ проектыр зэрагъэзащIэ щыкIэм, абы епхауэ къапэщIытхэм.

Мусуковыр тепсэлъыхьащ республикэм и муниципальнэ районхэр уэздыгъэкIэ, псыкIэ, гъэсныныгъэкIэ къызэгъэпэщащ зэрыкъуам, абы и лъэныкъуэкIэ блэкIа илъэсым зрагъэгъуэта екъулIныгъэхэм. КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министрым жиIам щыхьэт техуэу, куей администрацэхэм я Iэтащхьэ зыбжанэ къэпсэльащ. Апхуэдэу абыхэм къыхагъэщащ пхъэнкIий идзыпIэмрэ къалэхэмрэ къуажэхэмрэ дэжьи хуей псы фIейпрэ теухуауэ икIэщIыпIэкIэ унафэ щIын, ар гъэззащIэн зэрыхуейр.

ЗэIущIэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым мыгувэу кьытехуэнущ.

**КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.**

●ХъыбарегъащIэ

## Адыгэ Илъэсыщ Iэр къОХЬэ

Гъатхэпэм и 22-м, гъэрэщIырэ щыгъэхкI махуэм, Налшык къалэ Абхъазым и утым щекIуэкIынущ Адыгэ Илъэсыщ Iэр къызэрихьэм хуэгъэпса махуэщхьэ. **ЩыщIидзэнур сыхьэт 14-рщ**.

А махуэм къызэIуахыжынущ щIымахуэ мазэхэм эпатъуэуэу щыта, бзаржьей къэс зэхащэ Адыгэ дзэгур.

Фыкъеблагъэ!

***Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, Адыгэ конгресс.***

● КъБР-м и Парламентым

КъБР-м и Парламентым и 4-нэ зэхъыхьэм и япэ зэIущIэм кърихьэлIащ Къанокъуэ Арсенрэ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Хьэжыбенкъуэ Руслanрэ.

# Япэ зэIущIэ

**Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и 4-нэ зэхъыхьэм и япэ зэIущIэр Правительствэм и унэм щрихьэкIуэкIащ.**

АБЫ щыхэпльащ хахагъащIэ Парламентым и лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным теухуа Iуэхугъуэхэм. А зэIущIэм кърихьэлIат КЪБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен**, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат **Хьэжыбенкъуэ Руслан**, Урысей Федерацэм и Президентым и лЫкIуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыIэм и аппаратым къыбгъдэкIыу КЪБР-м и федеральнэ инспектор **Щоджэн Мухьэмэд**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Конституцэ Судым и Унафэщ**Гелыхов Абдулэхь,** КЪБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщ **Мер Юрий**, нэгъэущIхэри.

Хабзэ зэрыхъуауэ, хахагъащIэ Парламентым и япэ зэIущIэр къызэIуех икIи абы и унафэщIыр хахыху ар иregъэкIуэкI депутату зы зэман лэжьауэ щытахэм ящыщу зи ныбжькIэ нэхъыжь дыдэм. Мы зэм апхуэдэ ищIэр хуагъэфэщащ **Кульбаев Чомай.** Абы япэу псалъэ зэритар республикэм и хэхахIуэ комиссэм и Унафэщ **Тушкин Андрейщ.**

Тупикиныр кьытеувыIащ мы гъэм гъатхэпэм и 1-м екIуэкIа хэхьныгъэхэм кърикIуам: хэхахIуэ участкэу 356-м Iэ зэрыщащIэтамкIэ, «Зыуэ щыт Урысей» партым кьитэлъэгъуэхэм щIыхь мин 314-м щIигъум Iэ хуаIэтащ. Аращи, а партым кьыбгъдэкIыу иджырей Парламентым щылэжьынущ депутат 52-рэ. Адрей партищым кьахуэнэжа мандат 20-м щыщу 9-р «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым, 6-р - КПРФ-м, тхур - ЛДПIР-м ялъысащ.

Депутатхэм лэжьэн зэрыщIадзамкIэ гуапэу екъуэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент **Къанокъуэ Арсен.**

- Нобэ лэжьэн щIэныгъэ Парламентым и Iуэху зехьэкIэм куэдкIэ егъытауэ щытынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкIуэнур.

Абы къыхэкIыуи, зым Iэпыхур адрейм кьищтэжу, зэгурыIуэ фи зэхуаку дэлъу фыIэжьэну догугъэ. Фэ къыфпоплъэ лэжьыгъэ гугъу, дунейпсо финанс кризисым кьилъахъэу. Мыгувэу фыхэпльэн хуей хъунущ 2009 гъэм и бюджетым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным. Ди фIэщ мэхъу фи къалэнхэм фызэрыпэльэщынур, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ ди республикэм зэрыщыIвгъэбыдэнур, - жиIащ Къанокъуэ Арсен.

Парламентым и Унафэщ щыта **Бечелов Ильяс** а къулыкъум пэрыту ирихьэкIа лэжьыгъэфIым пэкIуэу «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэ зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр зэрыфIащамкIэ щыхьэт тхылъыр республикэм и Президентым абы иритащ.

АджкIэ депутатхэм яубыхуащ Парламентым иIэну ухуэкIэр зыхуэдэр, абы и Унафэщым и япэ къуэдзэ къулыкъур щыIэн хуейуэ зэгурыIуащ.

Парламентым и къэзыбж комиссэм и унафэщIу хахащ **Жэрыкъуэ Борис** «Зыуэ щыт Урысей» партым щыщ депутатхэр зэрынэхъыбэм кьыхэкIыу, аращ къызыгъэльэгъуари Парламентым и унафэщIу хахынум и кандидатыр. Зэдзэрэзыуэ а къулыкъур хуагъэфащащ нобэр кьызэдэсым Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэу лэжьа **Чеченов Ануар.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лЫкIуэу Урысейм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым щыIэнур депутатхэм хахащ IэIэт щэхуэкI. А къулыкъур абыхэм зэдзэрэзыуэ хуагъэфэщащ Президентым и Аппаратым и Унафэщ**I Къэжэр Альберт.**

ЗэIущIэм щаубзыхуащ Парламентым комитет 16 иIэн хуейуэ, щIыху 18 зэпымыуэ щылэжьэну. А комитетхэм хэтынухэри, Парламентым и Унафэщым и къуэдзэхэри кьыкIэлыкIуэ зэIущIэм щыхахынущ.

**ГЪУЩIО Зариф.**

*Сурэтхэр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIыр хэхыным теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 99 статьям и 1-нэ Iыхьэмрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Iуэхуки Э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и статья 21-м якIи иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ **Чеченов Ануар Ахъмэт и къуэр** хэхын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар кьыщащта махуэм кьыщыщIэздзауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и япэ зэIущIэм председателу щыса КУЛЬБАЕВ Чомай.**

*Налшык къалэ*
*2009 гъэм гъатхэпэм и 19-м*
*№63-П-П*

## Чеченов Ануар Ахъмэт и къуэр



Къыргызыз ССР-м щыщ Фрунзе областым и Чуйскэ районым ихьэ Дон-Арык къуажэм 1950 гъэм къыщалъхуащ, балъкъэрщ, щIэныгъэ нэхъыщхьэу тIу - физикрэ экономистрэ - иIэщ, экономикэ щIэныгъэхэм я докторщ, Инвестицэмрэ уХуэныгъэм и экономикэмкIэ дунейпсо академием, РАЕН-м, естествознаниемкIэ Урысей академием я действительнэ членщ. РАЕН-м и Президиумым хэтщ, 2008 гъэм и фокIадэм РАЕН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIу хахащ. Экономикэмрэ финансхэмрэ я теухуа монографиеу 6-рэ щIэныгъэ тхыгъэ 80-м нэблагъэрэ къытрыригъэдзащ. 2000 гъэм къыщыщIэдзауэ 2007 гъэ пщIондэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал. Технологическэ университетым и докторкэ советым хэтащ. 2004 - 2007 гъэхэм Мейкъуапэ къэрал университетым экономикэ дисциплинэхэмкIэ и кандидатскэ диссертациондэ советым хэтащ. 2008 гъэм къыщыщIэдзауэ хэтщ РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр центрым ещанэ степенхэр щыпхагъакI и докторкIэ советым, Мейкъуапэ къэрал университетым и докторскэ советым. Абы и унафэм щIэту я доктор диссертацэхэр пхагъэкIащ цIыхуитхум, цIыхуибгъу кандидат хъуащ.

1977 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и щIэныгъэ-къэхутэныгъэ секторым и щIэныгъэлIу лэжьэн щIидзащ. 1979 гъэм къыщыщIэдзауэ 1988 гъэ пщIондэ цIыхуэхэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэныжмкIэ Тырныауэ куей управленэм и унафэщым и къуэдзэщ, КъБР-м ЦIыхуэхэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэныжмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщIщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Туризмэмрэ экскурсиехэмкIэ и советым курорт IуэхутхьэбзэхэмкIэ и комбинатым и унафэщIщ. 1988-1992 гъэхэм - вольт льагъэ аппаратурэ кьыщыщIагъэкI Налшык заводым и экономикэ къудамэм и унафэщым и къуэдзэщ, КъБР-м Къэрал Думэм и депутат Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэныжмкIэ Тырныауэ куей управленэм и унафэщым и къуэдзэщ, КъБР-м ЦIыхуэхэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэныжмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщIщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Туризмэмрэ экскурсиехэмкIэ и советым курорт IуэхутхьэбзэхэмкIэ и комбинатым и унафэщIщ, 1988-1992 гъэхэм - вольт льагъэ аппаратурэ кьыщыщIагъэкI Налшык заводым и экономикэ къудамэм и унафэщым и къуэдзэщ, КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ и къэрал комитетым и деж щыIэ «Лэжьыгъэ» фирмэм и унафэщIщ, республикэм и Министрэхэм я Совет тым Экономикэ зэхуэмыдэхэмкIэ и комиссэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэщ. 1992 - 1997 гъэхэм КъБР-м уХуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэу лэжьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутату тIэунейрэ хахащ.

1997 гъэм и дыгъэгъаззэм кьыщыщIэдзауэ 2004 гъэм и мазае пщIондэ КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIщ. Абы кьыдэкIуэу, 2002-2004 гъэхэм щытащ Урысей Ипщэ Парламент Ассоциацэм Экономикэ политикэмрэ бюджет IуэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщIу.

2004 гъэм мазаем кьыщыщIэдзауэ иджы къэсхуэу КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэу щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр, Урысейм и МЧС-м и медалитху, ГИБДД-м и медаль, ЮФО-м и ФIыщIэ тхылъ, нэгъэущI жылагъуэ IуэхущIапIэхэми я тыгъэхэр хьэухуагъэфэщащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыбгъдэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лЫкIуэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэтынум теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыбгъдэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лЫкIуэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэтыну **Къэжэр Альберт Хьэту и къуэр** хэхын.

2. Мы Унафэр егъэхьын Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым.

3. Мы Унафэм къару егъуэт ар кьыщащта махуэм кьыщыщIэздзауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар.**

*Налшык къалэ*
*2009 гъэм гъатхэпэм и 19-м*
*№64-П-П*

## Къэжэр Альберт Хьэту и къуэр



Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Тырныауэ къалэм 1965 гъэм кьыщалъхуащ. КъБР-м щыщ Аруан районым хьыкъэ Старэ Лэскэн къуажэм дэт курыт школыр 1982 гъэм кьиухащ. Совет Армэм къулыкъу щищIащ. 1993 гъэм кьиухащ М. В. Ломоносовым и цIэкIэ щыIэ Москва къэрал университетым и юридическэ факультетыр. Иужькlэ и кандидат диссертацэри абы щыпхигъэкIащ.

ЕтIуанэ щIэныгъэ нэхъыщхьэр щыригъэзгъэутащ къэрал къулыкъым щыхуарагъадж Урысей Академием. 1994 гъэм къыщыщIэдзауэ хэтщ Москва къалэм и уэчыпхэм я колегием.

2002 гъэм КъБР-м и Президенту зыхригъэхьину зыкIигъэльэгъуауэ щытащ.

2006 гъэм и щэкIуэгъуэм кьыщыщIэдзауэ 2009 гъэм я гъатхэпэ пщIондэ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ Iуэхущ.

2009 гъэм гъатхэпэм и 19-м КъБР-м и Парламентым и япэ зэхуэсым щыхахащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыбгъдэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лЫкIуэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэтыну.

«Байкал-Амур гъущI гъуэгур зэриухуам папщIэ» медалыр, УФ-м и МВД-м, УФ-м и МЧС-м, УФ-м и УФСИН-м, УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм я дамыгъэ лъапIэхэр кьыхуагъэфащащ, и цIыр зытетха Iэщэ кьратащ.

Политикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ.

Щхьэгъусэрэ бынищрэ иIэщ.

●КъБР-м и Парламентым и 4-нэ зэхъыхьэм и япэ зэIущIэм кьрихьэлIащ Къанокъуэ Арсенрэ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Хьэжыбенкъуэ Руслanрэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым хэхыным теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 99 статьям и 1-нэ Iыхьэмрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Iуэхуки Э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и статья 21-м якIи иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ **Чеченов Ануар Ахъмэт и къуэр** хэхын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар кьыщащта махуэм кьыщыщIэздзауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и япэ зэIущIэм председателу щыса КУЛЬБАЕВ Чомай.**

*Налшык къалэ*
*2009 гъэм гъатхэпэм и 19-м*
*№63-П-П*

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательнэ акт язынныкъуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуки Э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательнэ акт язынныкъуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуки Э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэштэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым деж егъэхьын, Iэ щIидзын икIи цIыхуэхэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт ар кьыщащта махуэм кьыщыщIэздзауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар.**

*Налшык къалэ*
*2009 гъэм гъатхэпэм и 19-м*
*№66-П-П*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэр кьызэрэпэщыным теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 99 статьям и 3-нэ Iыхьэмрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Iуэхуки Э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и статья 25-м якIи иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и мыпхуэдэ комитетхэр кьызэгъэпэщын:

Конституциониэ законодательствэмрэ къэрал уХуэныгъэмкIэ комитет

Экономикэ политикэмрэ хъярычэт IуэхуэмкIэ комитет

БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ комитет

ЩIэныгъэмрэ егъэдэжныгъэмкIэ комитет

ЩэнхабзэмкIэ комитет

Мэкъумэщ политикэмкIэ комитет

ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ уэзышагъэр хъумэнымкIэ комитет

Парламентым и лэжьыгъэр зэкIэлыгъэкIуэнымкIэ, регламентымрэ депутат этикэмкIэ комитет

ЩIыпIэ самоуправленэмрэ щIыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ я IуэхуэхмкIэ комитет

Экологиемрэ щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ комитет

ЩIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэмрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмрэ я Iуэхуэмкlэ комитет

Промышленностымкlэ, транспортымрэ связымкIэ комитет

Спортымрэ туризмэмкIэ комитет

Уэзышагъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ комитет

Законностымкlэ, хабзэр хъумэнымрэ жылагъуэ щынагъуэнщагъэмкIэ комитет

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар кьыщащта махуэм кьыщыщIэздзауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар.**

*Налшык къалэ*
*2009 гъэм гъатхэпэм и 19-м*
*№67-П-П*

Ар мащIэу къыщIокI

**Дыгъуасэ Брюссель къыщыщэIуахащ Евросоюзым и гъатхэ саммитыр.**

Абы махуэ зыбжанэм къриубыдэу щыхэпльэнущ дунейпсо финансэкономикэ кризисым пэщIэта зэрыхъуным, энергетикэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, «КъуэкIыпIэ зэдзэлэжьэныгъэ» программэр кьыдзэдзэщтэным. Лиссабон зэгурыIуэныгъэр гъэззащIэным пыщIа Iуэхугъуэхэм. Зэхуэсахэм ящыщ хуэдизкIэ Евросоюзым хыхьэ, Европэм и къуэкIыпIэмкIэ щыIэ, кризисыр зэран нэхъ зыхуэхъуа къэралхэм зэрадэIэпыкъуфыну щыкIэр, Апхуэдэ Iуэхуэм папщIэ кьызэрагъэпэщат евро мелард 25-рэ хъу фонд, ауэ ари мащIэу кьыщIэкIащ.

### Пэжымрэ фэеплъымрэ

**Италием и лЫкIуэу ООН-м щыIэ Лоренцэ Корнадэ зэрыжиIамкIэ, абы и къралым къыхелъхьэ терроризм кьахъукъащIэхэм хэкIуэдахэм я фэеплъу дуней псом зы махуэ кьыззэдэштэн хуейуэ.**

Италием и МИД-м кьызэригъэльэгъуамкIэ, апхуэдэ феплъ махуэу Италием щагъэуващ накьыгъэм и 9-р. Къэралщыбэ Iуэхуэхэмкlэ министр Франко Фраттини зэрыжиIамкIэ, Италием и законодательствэр дуней псом щапхьэ хуэхъуфынущ терроризмэм ебэныныкIэ. Ар абы кьыщипсэльа унэм зэрехэ 1978 гъэм «Бригадэ плыюк» терроризм гупым Iэщ Iэуэ кIа, премьер-министру щыта Альдо Моро и цIэр.

НОБЭ

◆ **Мэзым и дунейпсо махуэщ.** Дунейпсо организацэ зыбжанэм я жэрдэмкIэ гъэрэ щIыр щызэхэкIым ягъэльапIэ.

◆ Тунис Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъэуцэ - 1956 гъэм къэрал щхьэхуит хьауад.

◆ Ираным и щIыдагъэ промышленностыр лъэпкым и мыльку щыхьэуа махуэщ. 1951 гъэм гъатхэпэм и 20-м лэжьэн щIидзащ абы теухуауэ я парламентым кьищта унафэм.

◆ Гъатхэпэм и 20-21-хэм Наурызыр Кьэзахстанми, Ираннми, КъуэкIыпIэм и нэгъуэщI къэралхэми щагъэльапIэ.

◆ Гъатхэпэм и 20-29-хэм Тулуэ (Италие) щызэхэтынущ 21-нэ Дунейпсо кинофестиваль.

◆ **Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакьикьэ 11-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакьикьэ 17-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъущ сыхьэт 12-рэ дакьикьи 6-рэ.**

*Планэпэр зыгъэхьэзырар* **ГЪУЩIО Зариф.**

### Лъэпкъ Iуущигъэ:

**Уижь жиIэр щIэ, уи щIэ ищIыр шхы.**

● Прохладнэ куей

## «Велес-Агро»-р йофIакIуэ

**Прохладнэ куейм щыIэ «Велес-Агро» IуэхущIапIэм и зэфIэкIым хохъуэ. Фермэ хьафIэдзэжьхэр къыщохъурэ джэдыкIей кърегъэшыпIэу цех 13 щигъуащ. Илъэсым къриубыдэу абыхэм мелуани 3,5-м щIигъу джэдыкIейуэ кърегъэщ, тонни 4,5-м нэс джэдыгу ещэ.**

ХУАБЭР, нэхур, псыр автоматикэмкIэ зэтрахуэру араща, цех къэс цIыхуитIщ цIыплажьэр. Ауэ «Велес-Агро»-р зэрыщыту къапщтэмэ, абы и IуэхущIапIэхэм щолажьэ цIыху 280-рэ. Лэжьакlуэхэм ику иту я улахуэщ сом мини 9.

Гъэ кIуам IуэхущIапIэм налогыу мелуани 2-м щIигъу итащ.

«Велес-Агро»-м и екъулIныгъэхэм я щIыхьэтщ Дунейпсо ерыскъыпхьэхэмкIэ Дунейпсо псэлъэгъуэныгъэ Москва щекIуэкIам зэрыхэтар. Урысейм и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм я IуэхущIапIэ 50-м зэгурыIуэныгъэ абдежьым щаригъыIащ къыщIигъэкI шхыныгъэхэм щыщ ящэхуным теухуауэ.

**ДЖЫЛАХЪСТЭН Тlуатlэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и Аппарат
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и Аппарат
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и Аппарат
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и Аппарат

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

# Унагъуэ закъуэтырщ къэралыр лъэщ зыщIыр

**Гъатхэпэм и 17-м «Урысейпсо педагогикэ Зэхуэс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Совет Нэхьыщхьэм и Хиу пленум щыз.эхэтащ Налшык дэт Къэрал концерт гъэпсыгъуэпIэм. Ар тхуауэ щытащ унагъуэм щIэсхэр егъэджэным хуэунэтIауэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ягъэзащIэ къаIэным.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ «Урысейпсо педагогикэ Зэхуэс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и совет нэхьыщхьэм и гъэлэмыгъэ **Ивановэ Валентинэ**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ **Дыщэкl Мадинэ**, республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **ШхьэтIэпсо Сэфарбий**, Iуэдзрэкъ эмкIэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и ректор **Рахаев Анатолэ**, Тэрч район адыгэмрэ и унафэщI **Пэнагуэ Максим**, Осетие Ищхьэрэ-Алание Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Созанов Валерий**, КъБР-м и мусылъмэнхэм я дин IуэхущапIэм и унафэщI **Пщыхьэщ Анас** КъБР-м и православнэ члиг.эхэм я пашэ **Бобылев Валентин**, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэным, Къалмыкъым, Ингушым я лIыкIуэхэр, республикэм и ешхэмIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр.

- «Урысейпсо педагогик э Зэхуэс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Совет Нэхьыщхьэм и XIII пленумым зи гугъу щащыну кьагъэлъэгъуэ Iуэхугъэр хэралым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ, сыт щхьэкIэ жылIэмэ егъэджэныгъэм, щIэныгъэм екъулIэныгъэ щыIэнур унагъуэмэ, жылагъуэмэ я къуэпсорэ абы хуэзащIагъэуIэмэщ, - жиIащ Дыщэкl Мадинэ кьыщыпсалъэм. - Щэч кьызытумыкьэщ, унэгъэныныгъэ зэхуэмыдэхэхэмкIэ гъэшIагъуэ щыIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр зэдэлажьэмэ, унагъуэм ихсэм я щIэныгъэм хагъэхъуэныжкIэ сэбэп зэрыхъу фынур икIи апхуэдэ зэщытыкIэфIхэр гражданскэ обществэм и лъабжьэ быдэ хуэнущ. Унагъуэм и псэукIэр еофIэкIуэныр куэдкIэ епхащ къэралым щекIуэкI политикэм. Абы итIкIэ итIкIэ зэхэтгъуэращ 2022 гъэ щIондэ КъБР-м зэрызиужьыну стратегиер. Абы и тегъэщапIэ нэхъыщхьэр властымрэ жылагъэмрэ я кьаруэ псори экономикэм и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэр кьэIэтыным зэрыхуэунэтIарщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, фIагъ льагэзиIэ продукцэ кьыщIэгъэкIыныр, IэнатIэхэм пэрытхэм улахуэ льагэ кьаухуэ зэтеуб.ГъэIэныр, республикэм и бюджетыр налог кьыхаххэмкIэ зэгъэхъуэныр, нэгъэщIэхэри. Зыхуэдгъэувыжа кьаIэнэхэр кьыдэхъуIэмэ, 2022 гъэм ирихьэIэу дэ республикэм кьыщыщIэдгъэкI продукцэм хуэди 4-кIэ хэдгъэхъуэфынущ, иджыпсту процент 25-мэзблагъэ лъэкьапIэнщхэм я бжыгъэр процентри 6-м нэскIэ дгъэмэщIэнщ, ику ит лъжьапIщэр сом мин 17-м нэгъэсынщ тхуэзэфIэкIынущ. Пэжщ, дунейпсом кризисым зэрызыщубгъур кьэпIлъэмэ, ахэр зэгъэзэлъэгъуейхъунущ ауэ ди республикэм иIэщ апхуэдэ гугъэхэр дэзыгъэщIэр.

Адэкl Дыщэкlым кьыхигъэщащ, республикэм зиужьыр папщIэ ар сыт и лъэныкьуэкIи зызыуэщI икIи шынагъэуэнщэу щIыпIэ гъэм пщIэ кьыхуащIыным. Абы кьыхэкIыу «Урысейпсо педагогикэ Зэхуэс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм дамыгъэ льапIэ игъэуващ. Ар «ГъэджакIу эм и лжьыгъэм щыхуэфащэ нэхъыфI дыдэу кьалытахэм, ильэс 45-50-м нэблагъэкIэ егъэджэныгъэ Iэнатlэм зэрытахэм, зи гъащIэ псор щIэблэр гъэсэным тыхь хуэзыщIахэм. Сэ щэч кьытеслхьэрэкьым апхуэдэ цIыху цIыпкьэхэр Къэбэрдей-Балькъэрми зэрыщыIэм. Апхуэдэу а дамытэ льапIэр якуэдгъэфэщэнщ щIыпIлъэм егъэджэныгъэм зыщиужьынымкIэ кьрахьэжьэ IуэхуэкIэ дзэзыбгъ, егъэджакIуэм и лъэныкьэр нэхъ тынщ щыщIынымк.эгуГъу кьэрал кьулыкьущIэхэмк.

**Ещанэрауэ**, щIалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр дэIыгъынк. НыбжьыщIэхэр зыхьэт зэIущIэхэр, зэпеуэхэр щIэж-щIэжыгъуэр егъэлъэIыщIхьэщ. Нэгъабэ гъатхэм екIуэкIащ ныбжьыщIэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я япэ фестивалыр, «Урысейм и щIэблэр» зыфIащагъ. Абы жыджэру хэтащ Къэбэрдей-Балькъэрым и лIыкIуэхэр.

Апхуэдэу Ивановэм кьыззэхуэсасхэм яжриIащ 2010 гъэр егъэджакIуэм и илъэсу зэрагъэувар икIи ар зэрыщагъэкIуэжынур зыубзыхун комитет кьыззэгъэпэщын зэрыхуейр. «А Iуэхугъэр егъэгъкуэкIынымк Iэмал имыIэу унагъуэр кьыхэщэн хуейщ, - жиIащ кьэпсалъэм. - Егъэджэныгъэ и лъэныкьуэкIэ сыт кьыхэтхлъхьэн, ар унагъуэм зэхъыщIаныгъэ зэрыщIэ, псори дыдэгъуэсу щIэлъ. Абы кьыхэкIыу «Урысейпсо педагогикэ Зэхуэс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм кьалэн гъэкIуэдыжынымкIэ и мыхьэнэ пыухыкIа иIэн папщIэ лэжьэгкIэщIэхэр кьэгъуэтын зэрыхуейр. Абы техуауэ мыгувэу ирагъэкIуэнкIынущ адэ-анэхэм я республикэ зэхуэс.

ЗэIущIэм кьыщыпсэльащ Налшык дэт курыт школ №4-м и унафэщI **Нэгъуей Риммэ**, Прохладнэ районым егъэджэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI **Клешин Ларисэ**, Кьардэнхэ я лъэпкъ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Мушарифэ**, КъБКъУ-м и профессор **Хьубий Башир** сымэ, нэгъущIэхэри.

ЗэхьокIыным и кIэуэным Ивановэ Валентинэ кьалэн гуапэ игъэзэщIащ - абы жиIащ «Егъэджакlуэм и лэжьыгъэм щыхуэм хуищI пщIэр» медалымрэ абы и щыхьэт тхылымрэ КъБР-м и Президент **Кьанокьуэ Арсенрэ** республикэм и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрейрэ** зэрыхуагъэфэщащ. Апхуэдэу «Урысейпсо педагогикэ Зэхуэс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыхь тхылъымрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и кьуэдзэ **Дорохинэ Лидие**, Прохладнэ районым егъэджэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI **Клешин Ларисэ** кьэщхьэ тау. Былым курыт еджапIэхэм я директорэсу **Уянаевэ Зухрарэ Ягакуевэ Нуржанрэ**, ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэ институтым и унафэщI **Емуз Нинэ**, еджакIуэхэм щIэныгъэ-техник э зыIэжьныгъэмкIэ я республикэ центрым и унафэщI **Дьбровнэ Хьусен**, Налшык къалэм дэт курыт школ № 20-м и егъэджакIуэ **Катаевэ Лидие**, Тэрч кьалэ дэт спорт школым и тренер **Битокьу Нурхьэлий** Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм и лэжьакIуэ **Битокьу Мадинэ**, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэм и кьудамэм и унафэщI **Элахьуэ Олег** сымэ.

ЗэIущIэр ягъэдхэщ Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм екIуалэ ныбжьыщIэхэм кьыззэрагъэпэща концертым. Апхуэдэу хэзыщIэхэр яфIэтъкIыжыгъэ ептлащ сабий зэчиифIэхэм я Iэдакъэщ IэкIэр щагъэльагъуэу Къэрал концерт гъэльэгъуэ апIэм и пэIуэщI э пэшым кьыщыIэрагъэпэща выставкэм.

**ШХЬЭЩЭМЫЩIIэз.**



*Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

**Гъатхэпэм и 17-м «Урысейпсо педагогикэ Зэхуэс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Совет Нэхьыщхьэм и XIII пленум щыз.эхэтащ Налшык дэт Къэрал концерт гъэпсыгъуэпIэм. Ар тхуауэ щытащ унагъуэм щIэсхэр егъэджэным хуэунэтIауэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ягъэзащIэ къаIэным.**

ЗэIущIэм хэтащ «Урысейпсо педагогикэ Зэхуэс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Совет нэхьыщхьэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ **Дыщэкl Мадинэ**, республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **ШхьэтIэпсо Сэфарбий**, Iуэдзрэкъ эмкIэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и ректор **Рахаев Анатолэ**, Тэрч район адыгэмрэ и унафэщI **Пэнагуэ Максим**, Осетие Ищхьэрэ-Алание Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Созанов Валерий**, КъБР-м и мусылъмэнхэм я дин IуэхущапIэм и унафэщI **Пщыхьэщ Анас** КъБР-м и православнэ члиг.эхэм я пашэ **Бобылев Валентин**, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэным, Къалмыкъым, Ингушым я лIыкIуэхэр, республикэм и еджапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр.

- «Урысейпсо педагогик э Зэхуэс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Совет Нэхьыщхьэм и XIII пленумым зи гугъу щащыну кьагъэлъэгъуэ Iуэхугъэр хэралым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ, сыт щхьэкIэ жылIэмэ егъэджэныгъэм, щIэныгъэм екъулIэныгъэ щыIэнур унагъуэмэ, жылагъуэмэ я къуэпсорэ абы хуэзащIагъэуIэмэщ, - жиIащ Дыщэкl Мадинэ кьыщыпсалъэм. - Щэч кьызытумыкьэщ, унэгъэныныгъэ зэхуэмыдэхэхэмкIэ гъэшIагъуэ щыIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр зэдэлажьэмэ, унагъуэм ихсэм я щIэныгъэм хагъэхъуэныжкIэ сэбэп зэрыхъу фынур икIи апхуэдэ зэщытыкIэфIхэр гражданскэ обществэм и лъабжьэ быдэ хуэнущ. Унагъуэм и псэукIэр еофIэкIуэныр куэдкIэ епхащ къэралым щекIуэкI политикэм. Абы итIкIэ итIкIэ зэхэтгъуэращ 2022 гъэ щIондэ КъБР-м зэрызиужьыну стратегиер. Абы и тегъэщапIэ нэхъыщхьэр властымрэ жылагъэмрэ я кьаруэ псори экономикэм и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэр кьэIэтыным зэрыхуэунэтIарщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, фIагъ льагэзиIэ продукцэ кьыщIэгъэкIыныр, IэнатIэхэм пэрытхэм улахуэ льагэ кьаухуэ зэтеуб.ГъэIэныр, республикэм и бюджетыр налог кьыхаххэмкIэ зэгъэхъуэныр, нэгъэщIэхэри. Зыхуэдгъэувыжа кьаIэнэхэр кьыдэхъуIэмэ, 2022 гъэм ирихьэIэу дэ республикэм кьыщыщIэдгъэкI продукцэм хуэди 4-кIэ хэдгъэхъуэфынущ, иджыпсту процент 25-мэзблагъэ лъэкьапIэнщхэм я бжыгъэр процентри 6-м нэскIэ дгъэмэщIэнщ, ику ит лъжьапIщэр сом мин 17-м нэгъэсынщ тхуэзэфIэкIынущ. Пэжщ, дунейпсом кризисым зэрызыщубгъур кьэпIлъэмэ, ахэр зэгъэзэлъэгъуейхъунущ ауэ ди республикэм иIэщ апхуэдэ гугъэхэр дэзыгъэщIэр.

Адэкl Дыщэкlым кьыхигъэщащ, республикэм зиужьыр папщIэ ар сыт и лъэныкьуэкIи зызыуэщI икIи шынагъэуэнщэу щIыпIэ гъэм пщIэ кьыхуащIыным. Абы кьыхэкIыу «Урысейпсо педагогикэ Зэхуэс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм дамыгъэ льапIэ игъэуващ. Ар «ГъэджакIу эм и лжьыгъэм щыхуэфащэ нэхъыфI дыдэу кьалытахэм, ильэс 45-50-м нэблагъэкIэ егъэджэныгъэ Iэнатlэм зэрытахэм, зи гъащIэ псор щIэблэр гъэсэным тыхь хуэзыщIахэм. Сэ щэч кьытеслхьэрэкьым апхуэдэ цIыху цIыпкьэхэр Къэбэрдей-Балькъэрми зэрыщыIэм. Апхуэдэу а дамытэ льапIэр якуэдгъэфэщэнщ щIыпIлъэм егъэджэныгъэм щиужьынымкIэ кьрахьэжьэ IуэхуэкIэ дзэзыбгъ, егъэджакIуэм и лъэныкьэр нэхъ тынщ щыщIынымк.эгуГъу кьэрал кьулыкьущIэхэмк.

**Ещанэрауэ**, щIалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр дэIыгъынк. НыбжьыщIэхэр зыхьэт зэIущIэхэр, зэпеуэхэр щIэж-щIэжыгъуэр егъэлъэIыщIхьэщ. Нэгъабэ гъатхэм екIуэкIащ ныбжьыщIэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я япэ фестивалыр, «Урысейм и щIэблэр» зыфIащагъ. Абы жыджэру хэтащ Къэбэрдей-Балькъэрым и лIыкIуэхэр.

Апхуэдэу Ивановэм кьыззэхуэсасхэм яжриIащ 2010 гъэр егъэджакIуэм и илъэсу зэрагъэувар икIи ар зэрыщагъэкIуэжынур зыубзыхун комитет кьыззэгъэпэщын зэрыхуейр. «А Iуэхугъэр егъэгъкуэкIынымк Iэмал имыIэу унагъуэр кьыхэщэн хуейщ, - жиIащ кьэпсалъэм. - Егъэджэныгъэ и лъэныкьуэкIэ сыт кьыхэтхлъхьэн, ар унагъуэм зэхъыщIаныгъэ зэрыщIэ, псори дыдэгъуэсу щIэлъ. Абы кьыхэкIыу «Урысейпсо педагогикэ Зэхуэс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм кьалэн гъэкIуэдыжынымкIэ и мыхьэнэ пыухыкIа иIэн папщIэ лэжьэгкIэщIэхэр кьэгъэтын зэрыхуейр. Абы техуауэ мыгувэу ирагъэкIуэнкIынущ адэ-анэхэм я республикэ зэхуэс.

ЗэIущIэм кьыщыпсэльащ Налшык дэт курыт школ №4-м и унафэщI **Нэгъуей Риммэ**, Прохладнэ районым егъэджэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI **Клешин Ларисэ**, Кьардэнхэ я лъэпкъ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Мушарифэ**, КъБКъУ-м и профессор **Хьубий Башир** сымэ, нэгъущIэхэри.

ЗэхьокIыным и кIэуэным Ивановэ Валентинэ кьалэн гуапэ игъэзэщIащ - абы жиIащ «Егъэджакlуэм и лэжьыгъэм щыхуэм хуищI пщIэр» медалымрэ абы и щыхьэт тхылымрэ КъБР-м и Президент **Кьанокьуэ Арсенрэ** республикэм и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрейрэ** зэрыхуагъэфэщащ. Апхуэдэу «Урысейпсо педагогикэ Зэхуэс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыхь тхылъымрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и кьуэдзэ **Дорохинэ Лидие**, Прохладнэ районым егъэджэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI **Клешин Ларисэ** кьэщхьэ тау. Былым курыт еджапIэхэм я директорэсу **Уянаевэ Зухрарэ Ягакуевэ Нуржанрэ**, ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэ институтым и унафэщI **Емуз Нинэ**, еджакIуэхэм щIэныгъэ-техник э зыIэжьныгъэмкIэ я республикэ центрым и унафэщI **Дьбровнэ Хьусен**, Налшык къалэ дэт курыт школ № 20-м и егъэджакIуэ **Катаевэ Лидие**, Тэрч кьалэ дэт спорт школым и тренер **Битокьу Нурхьэлий** Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм и лэжьакIуэ **Битокьу Мадинэ**, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэм и кьудамэм и унафэщI **Элахьуэ Олег** сымэ.

ЗэIущIэр ягъэдхэщ Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм екIуалэ ныбжьыщIэхэм кьыззэрагъэпэща концертым. Апхуэдэу хэзыщIэхэр яфIэтъкIыжыгъэ ептлащ сабий зэчиифIэхэм я Iэдакъэщ IэкIэр щагъэльагъуэу Къэрал концерт гъэльэгъуэ апIэм и пэIуэщI э пэшым кьыщыIэрагъэпэща выставкэм.

**ШХЬЭЩЭМЫЩIIэз.**

## Ар сымаджэм и къалэн?

**- «ДэIэпыкьуэгъу псыщIэр» сымаджэм и унэ ириджамэ, абы щхьэ бензин уасэр итын хуейр?**

**К. Л.,** *Бахъсэн район.*

Жэуап нрет Бахъсэн муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэ **Къаздэхъу А.Б.**

- ТХЫГЪЭМ кьыщыгъэльэгъуэ Iуэхугъэм гъэкIащ. Районым я сымаджэщ Iуэхущапl э псоми бензин, нэгъэщIэ гъэсынныгъэхэр кьызэращэхуну ахъшэ иригъэувэ.

Кьуажэхэмрэ районымрэ я администрацэхэм тхьэусыхафэ яIэрыгъэкъым сымаджэхэм бензин уасэр ирагъэтауэ. Джкуэтыр хъщIыкъэ псоми тхIинуэ жраIащ «ДэIэпыкьуэгъу псынщIэр» зэрыраджкIэм бензин уасэ Iахьыу сэтей кьхъуамэ, жэуап зэрахьынур.

**ЗэманкIэрэ зэпыудауэ**

**- 2009 гъэм унагъуэм кьыщыдгъэсэбэп газым и уасэм процент 9-кIэ хэхъуащ, зи гугъу ящIу щыта процентыр 5-м и пIэкIэ. Абы кьыдэкIуэу горгазым щIыщыдза-пакьыгъэ мазэхэм кьагъэсэбэп газыр зыхуэдизыр зыбжу щIыбым щыфIэдза**

# КъБР-м и Президентым и сайтым къихьа упщIэхэм я жэуапхэр

**Iэмэпсымэхэм папщIэ коэффициент нэхъ инхэр игъэуващ - тегъэщапIэ ищIыр щыщIыщIэм деж а Iэмэпсымэхэр тэмэму «зэрымыбжьфырыр». ЩIыщыгъэр хуабжу щытащ. пакьыгъэм и гугъу умыщIыхьэ! Къезэгъэр атIэ а коэффициентхэр? Аэр кьыщагъупсысым щыгъуэ сыт хуэдэ хабзэхэра кьагъэсэбэпар? Электрокъарум и уасэрэ процент 23-кIэ дзуеиц, мы гъэм я ящэ мазищым гасэкIэм хэмыхъуэну СМИ-хэм ятха пэтми.**

**Горловэ И. А.,** *Прохладнэ кьалэ.*

Жэуап нрет КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ **Чеченов А. А.:**

- ЩIыхУХЭМ хъыбар зэрыраГащIэ Iэнатlэхэми УФ-м и Правительствэм и УнафэщIми зи гугъу ящIар 2009 гъэм щIыщылъэм и 1-м кьыщыщIэдзауэ газым и опт уасэкIэ процентэ 5-кIэ хэлъэтыныгъ икIи зэпыщIту 2009 гъэм кьэралым ику иту газым щыщIатым процент 16,7-кIэ хэгъэхъуэныгъ.

ИкIи пэжщ, УФ-м и Правительствэмрэ Тарифхэмкlэ федеральнэ Iуэхущапlэмрэ ячанфэ кьащтащ зэманкIэ зэпыудауэ газым и опт уасэхэм хэгъэхъуэныгъэ гъуэгу:

- 2009 гъэм щIыщылъэм и 1-м кьыщыщIэдзауэ - проценти 5-кIэ;

- 2009 гъэм мэлыжьхьым и 1-м кьыщыщIэдзауэ - проценти 7-кIэ;

- 2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м кьыщыщIэдзауэ - проценти 7-кIэ;

- 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м кьыщыщIэдзауэ - проценти 6,2-кIэ.

Ауэ хэзгъэытэн хуейщ газым и пщIэм опт уасэм и мызакъуэу а гъэсынныгъэхэр кьызэсэбэпхэм я деж нэгъэсынныгъэхэр зэрызэхэтыр. Ахэри опт уасэм щыгъуэ хуейщ. Ди республикэм а уасэхэр зэуэ хуабжу щыдэмыуеин папщIэ, унафэ кьащтащ щыхуэхэм щIыуэпс газым щIатым процент 16,7-кIэ хэгъэхъуэныгъ.

- 2009 гъэм щIыщылъэм и 1-м кьыщыщIэдзауэ - проценти 8,8-кIэ;

- 2009 гъэм мэлыжьхьым и 1-м кьыщыщIэдзауэ - проценти 5,2-кIэ;

- 2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м кьыщыщIэдзауэ - проценти 5,3-кIэ;

- 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м кьыщыщIэдзауэ - проценти 4,8-кIэ;

Апхуэдэ щIыкIэкIэ щIыхуэхэм газым щIатым 2009 гъэм процент 16,1-кIэ хэхъуэнущ. Ар ику ину кьэралым зэрыщыхэхъуэнщ процент 16,7-м нэхъ зыгъэкIыжкIэ нэщIэщ.

Абы кьэдкIуэу 2009 гъэм щIыщылъэм и 1-м КъБР-м и щIыхуэхэм папщIэ зы кубометрым кIэух хуэсу щIыхуагъэувар ди гъунэгъу щIыналъэхэм е гъныгъэ щынэ хь мащIэщ: КъБР-м - соми 2,18-рэ; КъШР-м - соми 2,50-рэ, РСО-Аланием - соми 2,30-рэ; Ставрополь крайм - соми 2,21-рэ, Краснодар крайм - соми 2,40-рэ.

Электрокъарум техуауэ. Республикэм зекIроКъарум и тариф ящи УФ-м и законодательствэмрэ щыIэ регламентымрэ тхIинуэ тегъащэуващ. Уасэм процент 23-кIэ хохъуэ - аращ тарифкэмкIэ федеральнэ Iуэхущапlэм щIыхуэхэм папщIэ нэхъ мащIэ дыдэ мардзу игъувар. ЗэнгъэщIан папщIэ: щIыхуэхэм хуаутIыщIу электрокъарум и уасэр ику ину кьэралым процент 25-кIэ кьыщIащ.

- 2009 гъэм щIыщылъэм и 1-м кьыщыщIэдзауэ - проценти 8,8-кIэ;

- 2009 гъэм мэлыжьхьым и 1-м кьыщыщIэдзауэ - проценти 5,2-кIэ;

- 2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м кьыщыщIэдзауэ - проценти 5,3-кIэ;

- 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м кьыщыщIэдзауэ - проценти 4,8-кIэ;

Апхуэдэ щIыкIэкIэ щIыхуэхэм газым щIатым 2009 гъэм процент 16,1-кIэ хэхъуэнущ. Ар ику ину кьэралым зэрыщыхэхъуэнщ процент 16,7-м нэхъ зыгъэкIыжкIэ нэщIэщ.

Абы кьэдкIуэу 2009 гъэм щIыщылъэм и 1-м КъБР-м и щIыхуэхэм папщIэ зы кубометрым кIэух хуэсу щIыхуагъэувар ди гъунэгъу щIыналъэхэм е гъныгъэ щынэ хь мащIэщ: КъБР-м - соми 2,18-рэ; КъШР-м - соми 2,50-рэ, РСО-Аланием - соми 2,30-рэ; Ставрополь крайм - соми 2,21-рэ, Краснодар крайм - соми 2,40-рэ.

Электрокъарум техуауэ. Республикэм зекIроКъарум и тариф ящи УФ-м и законодательствэмрэ щIыIэ регламентымрэ тхIинуэ тегъащэуващ. Уасэм процент 23-кIэ хохъуэ - аращ тарифкэмкIэ федеральнэ Iуэхущапlэм щIыхуэхэм папщIэ нэхъ мащIэ дыдэ мардзу игъувар. ЗэнгъэщIан папщIэ: щIыхуэхэм хуаутIыщIу электрокъарум и уасэр ику ину кьэралым процент 25-кIэ кьыщIащ.

## ●КъБР-м и прокуратурэм

# Нэкъусаныгъэхэр мащIэкъым

МАЙ РАЙОНЫМ и прокуратурэр хэпльэжащ дыкъэзыуэрейхъ дунейр хьумэным я нэIэ зэрыгъэгъотыжа къыриуэкIа.

Абы кIэлъплъныныр зи кьалэн Iуэхущапlэхэри щIыгъуэу иригъэкIуэкIа Iэмэкъагъэм кьыззэригъэльэгъуамкIэ, псы зэфэнчэщIэзэхъэсс, ткIийуэ хьумэн хуей щIыпIэхэу Май кьалэм, Котляревскэ станицэм, Октябрьскэ кьуажэм щыIэхэр кьахухьаскъым. «Кабардинский карьер» ООО-м и кIэрыхубжьэрыкур щIыуэпсым зэран хэумыхьуэу зэрригъэкъэбзэн Iэмэпсымэ иIэкIыни, зэрыщыIыбзэу псы ежэхым ирокIэ. ГурыIуэгуэщ мы Iуэхущапlэм псым, абы хэсхэм, псыкуэзым ярищIкIэ. ЩхьэзыфlэфlагъкIэ пхъэнкIий, куэнщыб идзынпIэ ящIаекIэ щIыпIи, абыкIэ хэумэщхэр административнэ жэуапым ирашэлIащ.

Нобоивановскэ хуэажэм и пхъэнкIий идзынпIэм щIыр тэмэму хуэхахъэс, ткIийуэ хьумэн хуей щIыпIэхэу Май кьалэм, Котляревскэ станицэм, Октябрьскэ кьуажэм щыIэхэр кьахухьаскъым. «Кабардинский карьер» ООО-м и кIэрыхубжьэрыкур щIыуэпсым зэран хэумыхьуэу зэрригъэкъэбзэн Iэмэпсымэ иIэкIыни, зэрыщыIыбзэу псы ежэхым ирокIэ. Гурыуэгуэщ мы Iуэхущапlэм псым, абы хэсхэм, псыкуэзым ярищIкIэ. ЩхьэзыфlэфlагъкIэ пхъэнкIий, куэнщыб идзынпIэ ящIаекIэ щIыпIи, абыкIэ хэумэщхэр административнэ жэуапым ирашэлIащ.

Май кьалэм кьащIагъэсэбэп псымра абы фIейуэ дэжымра щIэхъэсэбэнэу ильэс щыжанэ хуауэ яухуэ, ауэ и кIэм яхунэгъэсырыкьым. Абы кьыхэкIыу, прокуратурэм Май кьалэм и администрацэм и Iэтащхьэ зыгъэ щхьэхуэ Iэригъэкъуэд, щIыхуэхэм я уэшынагъэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхур икIэщIыпIэкIэ щIэфIагъэсыжынымкIэ.

Май районым нэгъабэ кьащIыхьэкъым щIыуэпсым хуэгъэзэщ Iуэхугъэа Iуэху щынагъуэ дыдэ. ИтIани, дяпэкIи куейм экологиемрэ щIыуэпсым зэрыщыIэм и гъэзащIэ зэрыщыхьэр нэхъ хэкъуэгъэуэ кьапщытэнущ.

**МЫРЗЭКЪАН Лиуан**,

*КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущапlэм и лэжьакIуэ.*

## ●Нобэ Щым и дунейпсо махуэщ

# Куэншыб идзыпIэ пщIы хъунукъым

Уафэр щымыщх эмыщIу щIылъэр щыз.эхэщIагъэщIэм жиIэу, дунейр кьыззэрригъэщIам теухуауэ дыщIэр щыщIагъэщ Аруан, Прохладнэ, Дзэлыкьуэ, Тэрч щ'ейхэм я кьуажэ зыбжанэм.

Щыр «бгъэхъуэжыным» ильэс куэд токIуадэ. Псалъэм папщIэ, гумусым сантиметр 0,5-2-кIэ зиIэтыным ильэси 100 ехь.

Щым и дунейпсо махуэр гъэрэ щIыр щыз.эхэкIым ирихьэлIэу ягъэлъапIэ. 1970 гъэм США-м кьыщежьащ мы Iуэхур. Американ политик, сенатор Нельсон Гайлорд студент гуп зэхуищэсауэ щытащ, щыр сыт и лъэныкьуэкIи хъунэным иритэлъэжьыну. Абы лъандэрэ хохъуэ щыр хьумэным зи гупсысэр ета цIыхухэм я бжыгъэм.

Щым и махуэм и дамыгъэр «Апо ллон-17»-м и астронавтхэм трахауэ, хьэрщ щыхуэ-фIыцIафэм кьыхэщ ди планетэм и сурэтырщ. Абы кьыщынэмыщIа альидж хьэрф ☯ р Щым и махуэм и дамыгъэу ябж.

**БЕС ЛЪЭНЕЙ Жансэт.**

**Ди Щы хъурейр дывгъэхъуэм!**

КЪАНДУР Мухьэдин

# Шапсыгъ хасэм

«Кавказ» романым щыщ пычыгъуэхэр

ТОЛЬКЪУНХЭР, зыр зым еIунщIурэ, нэпкым зэрогулI, хы Iуфэм IуIэ мывэкIэщхьыр шы лъабжьэм къыщIопсэлтыкI, хы тхъурымбэр пшахьэ псыфым хуэм-хуэмурэ зышIефыж. Псы къащыжьэхикIэкIэ, шыхэм я щIыфэр хольэт, я тхьэкIумэр ягъэкI- ри, жьэгъум зыщIакъуэз. Ныджэр нэхъ бгъуфIэ щIыхькIэ, шу гъуэгурыкIуэхэм шхуэмылакIэхэр яутIыпщ - шыхэм гъуэгур яцIыху: хы Iуфэм Iутурэ зы теуэгъуэ хуэдэ якIужмэ, псыхьуэм дыхьэнчэ, псыхъуэм дыхьэрэ бгыщхьэмкIэ дэкIуей-мэ, шапсыгъ жылэ ирихьэлIэнчэ.

Шу пашэм, Алсидэ-бей, и щыпэлъагъукъым хыри хы Iуфэри, итIани сакъын хуэй мэхъу: хым урыс кхъухьхэр щыIэхэзоуэ, хы Iуфэм кIыщитIыкIыри быдапIэ кIыIуащIыхьащ, быдапIэхэм я Iэхэльаэхэм мэзыр щраупщIыкIащи, жыгъэр зэтеджэлэжауэ зэтельщ.

Ильэс плIыщIым нэсагъэнщ Алсидэ-бей, ауэ апхуэдизэ ныбжьептынкъым, лIы къуэгъу кIыхьщ, и пащIэ-жьакIэм зы тхъугъи химыдзауэ. Куэд зи нэгу щIэха цIыхуэщ шу пашэр, Iэщэ зэрихьэф зэрыхъурэ шым епсыхакъым, зауэ гуащIэ куэдым хэтащ.

Псыхъуэ ззвым дыхьащ шухэр. Мывэ блынитIыр блыпкъкIэ зэуэлIащи, шыгъуэ зыгъэзапIэ ихуэрэкъым, убэлэрыгъамэ, лъэрыгъыр фIиудынкIэ шынагъуэщ.

Алсидэ-бей зэпльэкIащ. Игу нэхъ щIэныкъуэр инджылызэ щIалэрт: Лонгворт псыхъуэ ззвым зыдзэзыIуантIэ мывалъэ гъуэгур къытехьэльэнкIэ мэшынэ.

- Къэнэжалакъым, - жиIащ Алсидэ-бей, инджылызэ щIалэр гъуэгум гугъу зэрыригъэхьыр ильагъурэ. Лонгворт зыкъуигъэщIэнт: и гъащIэр бгым щихьащ жыпIэнт, шу пашэм къызэрыкIэльеIэр пльэгъуамэ. И куэ лыпщIэр уанэ пхьафэм зэрызэхиубэрэжьари, и бгыр зэфIэщIыкIыным зэрынэсари къыфIэмыIуэхуфэ зытригъэуауэ исщ уанэгум, шхуэмылакIэр икъуэрэ и пIэр иухуауэ.

Лонгворт Лондон къыщыдэкI «Таймс» газетым и корреспондентт. Абы и фыгъэкIэ гъуэгуанэ техьэрт щIэх щIэхыурэ. Куэд щIакъым Грецием зэрыщыIэрэ, иджы Шэрджэсым къэкIуащ, Россием зауэ гущIэгъунщэм хидза адыгэхэм я хъыбар тредэз газетым, инджылызэр щыгъуаэз ещI бгырысхэм ятелъ хьэзабым. Дэвид Уркарт зэхихьба «Портфолио» журналрэ къыщыдокI Лондон, абырэ Лонгворт «Таймс» газетым тридзэ тхыгъэхэмрэ я фIыгъэкIэ адыгэхэм я хъыбар жыжьэ щыIуащ, дуней псор къыкIэльэплъ зи щхьэхуитныбгъэм щIэзэу шэрджэсхэм я бэнэныгъэм.

Лонгворт щIалэ псыгъуэ лъагэщ, кьамылыфэщ, гуащIэ зэрыжэлыри фэуэ тетIыс, шыгъуэ зэпIэзэрыщтщ, ильэс тIощIэ тхурэ фIэкI мыхъуауэ пхужыIэнукъым.

Инджылызэ корреспондентым и ужь итым, Исльам-Джэрий, нэхъ лIы екIу уигъэльыхьэщ. Адыгэхэм кьаэзрыхьыхьэрэ Лонгворт лIы бжьыфIэ Iэджэ ильэгъуащ - бгырысхэм я нэхъыбапIэр апхуэдэщ (Дэвид Уркартрэ Беллрэ я тхыгъэхэри щыхьэт тохьуэ абы), итIани Исльам-Джэрий нэхъ цIыху екIуэр нэхъ «бгырыс ислъыр» ирихьэлIауэ ищIэжьыркъым инджылызэ корреспондентым. Щэч хэтхьыр: бгырыс шу - уейм и щыфэлIыфэм щытепсэльыхькIэ, Дэвид Уркартрэ Джеймс Белли зытхьэкъуауэ щытар Исльам-Джэрий хуэдэ гуэрщ. Зэрышууейм и закъуэкъым: щIэныфIэщ, хабзэрэ нэмысрэ зэпхьэлльыр и фэ къудейм кьеIуатэ. Лонгворт рэ Исльам-Джэрийрэ зэныбжьынщ - зэрагъэхь щыIэкъым я фэкIэ, ауэ шэрджэс щIалэм зрелыытри, Лонгворт игурэ и щхьэгъэ-сэ: лIыгъэкIи, щэныфIагъэкIи, жаныгъэкIи аркъудей зэрыщIэмыкъэнчэ гурэ псэкIэ зыхещIэ. Инджылызэ корреспондентым «гъусэ къысхуэхъу» щыжриIэм «хьэуэ» къыщIыхимыгъэкIар: дэнэ щыкIуэдми, зыгъеини зигу кьеуэни иIэкъым. Зэрыладжьыр игъэгъуэщакъым Георгиу: Iэмалышу, щIыхьэпIэ-щIэкIыпIэр ещIэ, кьмылгупсысынрэ зэримыхьэнрэ щыIэкъым. Лонгворт гъусэ щищым, зы закъуэщ Георгиу къыпиубыдар: альдж фащэр зыщихынукъым - и кьэдабэ фIы къыввэхъулIэмэ, фи Iуэхур увмэ, нэгъуэщI дыхуэйкъым. Аращ дыкъыщыIэфхыхьар.

Чэрим-бей арэзы техьуащ инджылызэ хьэщIэм и псальэм. Арэзы техьуащ, и гур къыщIымыубыдащами: мащIэрэ зэхихакъым апхуэдэ псальэ. Псоми къагъэгугъэ, псальэ дыгъэл кхыжраIэ, абы зэрыфIэкI ильагъуркъым Чэрим-бей.

- Хъыбарыфl къытхуэпхьауэ жыпIащи, Тхьэр арэзы къыпэхухъу, - жиIащ Чэрим-бей. - Нэхъыфlым дыщыгугъынщ. Лъы щиткIытынур дяпэкIэщ: Псыжькlи хы Iуфэмкlи къыщитIысыкIащ уэрысхэр, дзэшхэу кърашэлIащ. Уэ нэхъ ущыгъуэзэ хъунщ, Алсидэ, - Алсидэ-бей дэжкlэ пльащ Чэрим-бей.

Сэри аращ сызыщыгъуаэзр: дзэр пакlэ-пакlэуэрэ кьрагъэтIысыкI. Сыт дызыщыгугъынур? Хъыбарыфl къытхуэпхьащ, абы щыщыгъынщ. Гынрэ бдзапцIэрэ къытхуэфшамэ, ар нэхъыфIыкт Гынри бдзапцIэри къыззрытIэщIэуэхар фощI: е къыдэфт, е къыдэфщэ. Хасэми аращ къыщIыжьэнур - псори фэ къыфщогугъ.

ЩIым щIэпщкъэнт Лонгворт асхьэтIым: яхуищIэныIами, и Iэ къикIынкъым. Гъэпщкlу ауэ кьыхуашэ мащIэр яхурикъун урысыдзэм пэщIэт щэрджэсхэм? И фэм иткIухьныным нэсащ инджылызэ корреспондентыр: кIуэцIрыхуамэ, нэхъ кьищтэнт, и бзэр иубыдау э шапсыгъ тхьэмадэхэм яхэс нэхърэ.

ХьэщIэщым Iэнэ кхрахьащ. ХьэщIэщым кърахьа Iэнэм тепщIыхьмэ, тхьапIэ ис хуэдэщ щэрджэсхэр. Щэрджэсхэр тхьапIэ зэрымысыр ищIэркъэ Лонгворт: кIэи пэи зимыIэж зауэм хадзащи, лъы щамыгъажэ махуэ къэхъуркъым. ХьэщIэм щагъэпщкIуи яIэкъым адыгэм: ешьм зыхуагъэныкъуэнурэ, я хьэщIэм зытрафыщIэжьынущ - абы щыгъуазэ хъуащ Лонгворт Шэрджэсым кьыззэрихьэрэ. Аракъэ игу нэхъри щIэныкъуэр: зи гур апхуэдизкIэ пщIанэ бгырыскэм яхуищIэфыр машIэщ...

Iэнэр щIахьыжа нэужь, зы щIалдэ къыщIыхьащ хьэщIэщым, Лонгворт къыбгъэдыхьэри, тхьылъымпIэ зэкIуэцIыуплIэнща къыхуищиящ.

- Адэгум кхрахащ. Фи бзэкIэ хуэдэщ зэрытхар. - ТхьылъымпIэр зэкIуэцIихащ Лонгворт, иримэрэ, нэхъ нэщхьыфIэ къэхуэжащ:

- Джеймс Беллщ къэзытхыр. Адэгум икIэщIыпIэкIэ сынэсхи хуейуэ къетх. Хасэр зэхьыхьэнуц, жи. Пщэдджыжь жьыуэ сежьэн эуейиц, ныщхьэбэ сыпэкIынущ. Хьэрэмыгъэ дигу зэримыльыр фи фIэщ фщIы. Чэрим-бей пэрыуакъым индджылыз корреспондентым: Iуэхур нэхьапэщ, Iэнэр дэнэ кIуэжьи?

- Дэгъуэщ, - жиIащ Чэрим-бей. - Дэри дынэкIуэнущ хасэм. Жэщри хэкIуэтащ, зыгъэпсэху.

Лонгворт пIэ х уащIащ. Гъуэльа щхьэкIэ, жейм щIэх хильэфакъым Лонгворт: гъуэгум зэхихукIащи, и Iэпкльпэпкъыр кьэзауэ, пщэдей хасэм яхьыхьэнущи, ари и нэгу щIэкIыркъым. Хьэ банэ макъри кьыхьыхьэжащ абы - жэщ псом зэпуакъым хьэ банэ макъыр. Нэхущым деж, жейм хильэса кьудейуэ, бжэ кIыргъ макъым кьызэщигъэжащ. Псы кьыхьщIахьэри эрагъэтхьэщIащ. И шым уанэ тралъхьэжауэ, шы фIэдзапIэм бгъэдэтт, и гъуэзэхэми зауэжьакIэт. ЖейкIэ иримыкъуами, Лонгворт сыт гуп кьаIуащIащ - къапежьауэ арат. Шу гупыр кьащыбгъэдэкIуатэм, Исльам-Джэрий Лонгворт къыхуеплъэкIащ.

- Мансур-бей. Тхьэмадэщ, - жиIэри Ис льам-Джэрий шу гупым я пашэр кьригъэщIыхуащ Лонгворт.

Езы Лонгворти гу льитагъэнщ Мансур-бей зэрытхьэмадэм: и фэрэ и фащэкIэ нэхъ мыхъуми, пщIэнущ. Лышхуэкъым Мансур-бей, нэIуасэ зыхуэхъуа адрей шу пашэхэм хуэдэнкъым инагъкIэ. Лонгворт и нэм кьыфIэнар нэгъуэщIщ: и пащхьэ пасэрей инджылызэ лыжьхьэ кьиувауэ къыщыхьащ... Лонгворт гу льитащ Мансур-бей и лъакъуэ сэмэгур зэрыпхам: куэд щIагъэнукъым уIэгъэ зэрыхьэрэ - лъы кьыззрызэпхиварэ уольагъу.

Мансур-бей Лонгворт кьепльащ: «Мыращ ди хьэщIэр, Белл. - У и хьыбар зэхэсхати, сыкьытричыгт: щхьэ кьэмысрэ? Си фэтэрымкIэ уянэнущ. Iенэгъэнщ япэ щыкIэ. ИтIанэ дахьхьэнщ хасэм. Къынкъэ, Мансур-бей?

- Сыт щIэмыхьунур? - жиIащ Мансур-бей. - Зывмыгъэгувэ закъуэ: хасэр кьыфIэпэпльэнущ.

- Зыдгъэгувэнкъым, хасэри зыпэдгъэпльэнкъым, - жери Белл шу гупым Лонгворт яхишащ. Лонгворти и жагъуэтэкъым ар: гъуэгум зэхихуIати, зымащIэкIэ зигъэпсэхумэ, и гуапэ хьунут. Зэсабэуэни хуейщ: хасэм уахэльадэ хьурэ, сабэм уэзщIищтауэ? Хасэм яхьыхьэ и пэ Лонгворт епсэльыпIэмэ, и жагъуэтэкъым Белл: зытепсэльыхьын я мащIэкъым.

Беллрэ Лонгвортрэ альидж щIалэри Iалъуэтэни зыщIа-гъуэ. Талъуэтэн Белл и шу гъуэхэм ящыщ, и щхьэхъуэмэкIэ уеджэми, ущыуэнукъым. Алыдж щIалэм епльытмэ, Талъуэтэн домбейщ. Талъуэтэн и гуапэ хъуауэ альидж щIалэм адыгэ бэракъыр зэрыIэщIэльыр. ЩIалэр зэпиплъыхьри, Талъуэтэн япэ зыкьригъэщащ:

- У э уинджылызкъым.

- Хьэуэ, сыинджылызкъым. Сэ сыальджщ.

- Альиджщ жолэ? Альиджхэм я хъыбар дыщыгъуаэзщ дэ, альидж затуущIэ къытхьхьэрейуэ щытащ... Альиджхэри зауэм хэт зэпытщ, зэрызщIэмкIэ.

Георгиу игъэщIэгъуакъым Талъуэтэн абы зэрыщыгъуаэзр: ях фIыцIэращ альиджхэмрэ щэрджэсхэмрэ яку дэлыр, я хъыбари зэльэIэс. Кавказ къуршхэрамэ Прометей ирагъуIлар - абы щыгъуаэзу пIэрэ Талъуэтэн? Абы щIэупщIэнкъым Георгиу иджыпсту: Лонгвортрэ Беллрэ зыкьыкIэрагъэху хъунукъым - шыр IумпIэкIэ яубыдри я ужь иуващи, тIури псалъэмакъынщэщ.

Лонгворт зрагъэтхьэщIащ. ЗрагъэтхьэщIыху, Iэнэ кьрахьащ: хьэщIэм и закъуэкъым - бысымри хьэзыр хъунт. Iэнэм кьоныбгъ барщыбгъэ кьытригъэуваащ Белл. Щэрджэс фIэкI пщIэн Белл: цейр йокIупс, хьэзыр Iупэхущ, ибг дыжьын кьамэ ищIащ.

- Фадэ щIагъуэщ, - жиIащ Белл, конькяжр иригъахьуэри. - Сыхъуэхъуэнщ жыпIэмэ, нэхъ фадэфI уигъэлъыхьхьэнщ. Еблагъэ! Укъыдэрысар си гуапэ хъуащ бжьIэмэ, зыри бжезмыIа хуэдэщ.

Беллрэ Лонгвортрэ бжьэ зырыз эздаIэтащ. Талъуэтэн яхуефакъым фадэм - зыдгъэхьэх я хабзэкъым адыгэхэм. Iенэми яхуэтIысакъым Талъуэтэн: Беллрэ Лонгвортрэ сыт щхьэкIэ якIэщIэдэIухьынт - я закъуэ пэрырес Iэнэм, зытепсэльыхьын я мащIэ хъункъым.

- Шэрджэсым си нэ кьыззрыхуэкIрэ куэд щIащ, - жиIащ Лонгворт. - Зыми дыхигъэзыIэхакъым, си нэ кьыхуимыкIамэ, сыкъэкIуэнтэкъым. Хасэм сыкъыззэрырихьэлIаращ псом нэхърэ нэхъ сызыщIыгуфIыкIар.

Белл и щхьэр ищIащ:

- У кьыкIэрыху пэтащ. Тхьэмахуищ и пэкIэ укъызэрысар зэхэсхат, ущыбзэкIарат сымыщIэр: сыгъэуззэвэтэкъэ! Хасэр яублащ, зауэми и гущIэгъуэщ. Урысхэр Адлер дэж кьыщитIысыкIащ. Псыжь кьыщежьауэ, хы Iуфэм дзэщхэу зэрохь.

- Абы и хьыбар щIэзэхэтхащ гъуэгум... Хьыбар Iэджэ кьыпхуэхьащ. Хьыбарым нэхърэ нэхъ ущыгуфыкIыкI си гугъэщ бдзапцIэмрэ гънымрэ - бдзапцIи гъни къызэдэсщащ. УигъэщIэщ хьыбари уезгъэдэIуэн хуей хьунущ: мистер Уркарт и къулыкъым трагъэкIащ. Лондон ираджэжащ, и Iуэху зэрыхьунур езыми ищIэркъым.

Ар шэуэ къытехуащ Белл: и щIыбагъ Дэвид Уркарт кьыдэмытыжмэ, хэпльэгъуэ хъунущ Белл и Iуэхур: Инджылызым и щIыб щэрджэсхэм кьахуигъэзэжауэ ара абы кьикIыр? Ар пэжмэ, Беллкъым зи Iуэху хэпльэгъуэ хъунур - зауэм жадэ щэрджэс Iэщэнщэхэрщ...

- Истамбыл щэрджэс гуэр кьикIыжащ иджыблагъэ. Аращ мистер Уркарт и хъыбар къэзыхьар. Мистер Уркарт кьуэлыкъу зэримыIэжьыр хасэм зэхахмэ, щыгуфIыкIын си гугъэкъым.

- Кьызгуроуэ, - жиIащ Белл. - Хасэми шэуэ къытехэнущ а хъыбарыр. Зыхьыбар къэзыхьам и цIэр щIэщ?

АдыгэцIэхэм есатэкъымэ, игу зэрыриубыдэф щыIэтэкъым Лонгворт: кьыхуэгубзыгъыжакъым. Кьыщыхуэмыгубзыгъыжым, Георгиу еджащ:

- Сигу кьэгъэкIыжыт Истамбыл кьыкIыжам и цIэр.

- Нэгъуей Исмелщ.

- Пэжщ, Нэгъуей Исмелщ. ДяпэкIэ зыщызгъэгъупщэжнкъым, - жиIащ Лонгворт.

Нэгъуей Исмел... Апхуэдэм и цIэ зэхихауэ ищIэжьыркъым Белл. - Талъуэтэн, Нэгъуей Исмел пцIыхуэрэ? - жери и шу гъуэсэм еджащ Белл.

- СоцIыу. Куэд щIакъым Истамбыл кьыззрикIыкъэ. ТхылъымпIэ гуэрхэри кьызэдишауэ жаIэ. Хасэм кьыщыпсэльэнущ - ари зэхэс хащ, - жиIащ Талъуэтэн, кьабгъэдэкIуатэри.

Беллрэ Лонгвортрэ хигъэпльащ Дэвид Уркарт и хъыбарым. КьызэрыщIэкIымкIэ, Дэвид Уркарт и хъыбарыр щэрджэхэми кьаIэрыхьащ - Нэгъуей Исмел кьахуихьащ, хасэм я пащхьэ зэрырилъхьэнуми щэч хэткъым. Абы хэфныкъуэ-этэкъым Белл. Лонгвортрэ иджыпсту, арыншэми дзыхь кьыхуэзышыщыр гъунэжщ. ПцIым лъакъуэ щIэткъым, лъакъуэ щIэмытми, зэ ежьамэ, дзэм кьыткIэ - зэкъым, тIэукъым ар Белл зэрригъэунэхуар.

- Хъыбар щIагъуэкъым: лей кьытехьащ мистер Уркарт. Щэрджэсхэм кьаэзрыгурыбгъэIунэрщ сымыщIэр... - И щхьэр кьыфIэхуауэ зыбжанэрэ щысри, Белл зыкъиIэтыжащ. - Ди къэралыр щэрджэхэм кьадэIэпыкъункIэ угугъэ хьурэ? Сытым ущыгъуаэз, зэхэпхаIа?

- Фэ зэресПльамкIэ, кьыхуащIэнышхуэ щыIэкъым. Палмерстон укьигъэгугъэн фIэкI, кьыпыкIын щыIэкъым. Абыкlэ лыфIщ - сыткIи укьигъэгугъэфынущ. Мистер Уркарт хэмылIыфIыхьмэ, нэгъуэщI узыщыгугъын слъагъуркъым, - ибзыщIакъым Лонгворт: сыт щхьэкIэ ибзыщIынт - уи щхьэр къэбгъэпщIэжьн?

Белл зэхэуауэ бжьэр иригъэхуащ. И лъыр кьавэ хьунт Белл: пцIы защIэкIэ зэхэтщ щэрджэсхэр Iэджэкlэ къэзыгъугъэ кьэрал унафэщIхэр, я зы псалъи уи фIэщ пщIы хъунукъым. ХьуаГъэщагъэ мащIэ щыззэрахьэрэ щэрджэс гупцIанэхэм я нэщIыбагькIэ! Хьуагъэщагъэм и закъуэмэ, удэкIуэтэнт: утыкум кьранэнущ щэрджэсхэр, бийм и хьэщхьэрыIуэдзэм Iурадзэнурэ езыхэм кIэбгъу защIыжынущ. Ара щэрджэсхэм яхуэфащэр? Хьэуэ, Белл и щхьэм кьыхуигъэтIасэркъым ар: упсальэмэ, зы жьбоIэ уи щIыбагъ къэбгъэзэжамэ, блэжьыр нэгъуэщIщ...

- Хъунщ, Лонгворт, иужькIэ нэхъ дытепсэльыхьынщ абы. Зыдгъэгувэ хъунукъым: хасэр кьытпоплъэ.

Лонгворт кьэтэджыжащ:

- СыкьыззэрыкIуам сыхущIегъэжьин си гугъэкъым. Уэ сызэрыпхуэзари си гуапэщ.

Белли Лонгвортри я пщэдалъхьэжар Iуэху джэгутэкъым. Уи кьэралым и мурадым ущымыгугъуаэзмэ, тегушхуэгъуафIэ абы? Зи кьарум кьимыгъэгугъэр тегушхуэнукъым. Щэрджэсыр мафIэм хэтщ, псэззпльльхьэпIэ Iэнатlэ еувэлащ. Езы тIум яхуэзфIэкI кьагъэнэнукъым - аращ апхуэдизэ гъуэгуанэ кьыщIэпачар. Кьэралым зэпхьащIыкIмэ-щэ? Ужьыкъ кьрапнэнкIэ хьунукъэ щэрджэсхэр? Хэт нэгъуэщI зыщыгугъынур щэрджэсхэр? Инджылызым щогугъ, ар я гугъапIэщ. Езы Инджылызым кьыгурыIуэрэ ар, ил уэрэ щэрджэсхэм щхьэкIэ? Аращ Лонгворти Белли зыгъэгумэщIыр. Инджылызым и щIыб кьахуигъаэзэмэ, Щэрджэсыр ныджэм кьытенащ. Тыркум сыт кьахущIэфынт? Сыт зыхущIэ: фын нэгъуэщIхэмэ? Я щхьэм и фейдэкъэ зылъыхьуэр псори? Иджыпсту кьощI Щэрджэсым, кьыхуащIэщхуэ щымыIэми, кьыдэщIыфэ зытрагъауэ. Аракъэ щынагъуэр: щэрджэсхэр гупцIанэщ, утыкум и ирагъэльадэрэ кIэбгъу защIыжэ. Ауэ кьуэ жьыхьэр аракъэ? Беллин Лонгворти сыт яхуэзфIэкIыжьын итIанэ?.. Абы игъэгупсысэ хущIу тIури - хэпльэгъуэщ я Iуэхур. Щыз я гурыфIыгъуэр: щэрджэсхэм ядозауэ, Iэщэкlэ ядоIэпыкъу, я щхьэр халъхьами, зи ужь ихьа Iуэхум епцIыжьынукъым...

Белл щыгуфIыкIащ Лонгворт хуэдэ цIыху зэрыкъэмыгъэнщэ зэрырихьэлIам: уи дзыхь ебгъэз хъунущ, укьигъэщIэжьыныфэ теткъым. КъащIэльыр дэнэ щащIэн: я щхьэр халъхьауэ пльагъункIи мэхъу: зи ужь ихьар зэрымыIуэху джэгур кьагуроIуэ тIуми. Щэрджэсхэм я Iуэхур кьатекъутэжмэ, зи лажьэр езыхэрэкъым - а зымкIэ игъэфI хъунущ ягу Беллрэ Лонгвортрэ. Зи лажьэр тхыдэм зэрригъэзэхуэнщ...

*Зэрыдзэжьар*

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.**

Ялэ уIэгъэ.
*Сурэтыр* **ЗИЧИ Михай** *ищIащ.*

# Ухуэгушхуэмэ фIэфIщ, ауэ узытригъэгушхуэнукъым

## Шумахуэ Владимир и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу

**Ди лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ зауэкьыным зи гуащIэ хэзылъхьахэм ящыщщи зи ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 70 ирикъуа Шумахуэ Владимир.**

ВЛАДИМИР и теплъэкIэ апхуэдэ ныбжь зэи хузбгъэфэщэнкъым: жанщ, зэчиишхуэ бгъэдэльщ, и Iуэхум хуэIэижьщ. Сэ илъэс 30-м щIигъуэуэ а гъэпсыкуэ щхьэ си ныбжьагъущи, и хьэ-щэнкIи, и дуней тетыкIэкIи зихьужжауэ кьысхуэщIэркъым.

Ар къыщалъхуар Черкесскщи, и сабинагъэри щIигъэкIуар а къалэрщ. И адэ Сэлмэн Къэрэшей-Шэрджэс облисполкомым и унафэщIт, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэми и депутатт, автоном областыр зыхьыхьэ Ставрополь краймиабы пщIэшхуэ къыщыхуащIт. Ауэ псори зауэ бзаджэм зэтрикъутащ. Нэмыц-фашист зэрыпхъыкуэкIуэхэр Кавказ Ищхъэрэм къыщихьэм, Шумахуэ Сэлмэн партизанхэм яхьыхащ, лIыгъэ зэрихьэу абыхэм яхэтащ, ауэ и зэфIкI псори кьигъэлъэгъуэныр хунэмысу 1942 гъэм яуклащ.

Фызабэу къэна Сэнят щIыкIу защIэу бынипI ипIын хуейт. НэхъыщIэ дыдэр сабий щIынэ пэтми, Сэнят къэдзыхакъым, и гуащIэ емыблэжу лэжьащ. ЗэрыжаIэщи, щхьэкIуэ зышэч щхьэ щхьатIу йохуэ. Сэнят и бынхэр кхъэхуащ, унагъуэ щхьэхуэуи тIысыжахэщ. Хьыджкэбз закъуэр, ФатIимэ, Черкесскъ кьалэ дэсщ, Зауэ, Хьэзрэ1ил, Владимир сымэ Налшык псэупIэ яхуэхъуащ. АбакIэ щIигъэкъуи хьуат Сэнят и дольху, Хэку зауэшхуэм жыджэру хэта Хьэтыкъуэ Iэбубэчыр.

Шумахуэ Владимир и гъащIэ псор гъуэзджэм пыщIа хьэуащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухъэрэ илъэс 400 щрикъуа 1957 гъэм. Абы щыгъуэ школ-интернатыр кьиухри, ТеатрымкIэ, музыкэмкIэ, кинематографиемкIэ Ленинград дзэ къэрал институтым щIэтIысхьащ. Абы щыгъуэ ар нэIуасэ яхуэхъуащ нужькIэ ныбжьэгъу пэжу кьыкъуэуваху а зэманым кьалэшхуэм щеджа Темыркъан Юрэ, Балэ Мухьэдин, Дашу Хьэшыр, ПащIэ Ахьмэд сымэ, нэгъуэщIхэми.

Институтыр ехьулIныгъэкIэ кьеухри, абы хэкум кьегъэзэж. Черкесскъ къэлэмдж Адыгэ театрым лэжьэн щыщIедзэри, артист нэхьыфIхэм, зэфIкI зиIэхэм хабжэу сценэм илъэсиплIкIэ щоджэгу. 1966 гъэм Шумахуэ Владимир Налшык псэупIэ хуэхъуащ. А гъэ дыдэм уахэм кьраГъожьат Кьэбэрдей-Балъкъэр Къэрал музыкэ театрыр. Ар зыщIахэм яхэтащ Владимир и кьуэш нэхъыжь Заур, КьБКъУм и ухуэкIуэ къудамэр ехьулIныгъэкIэ къэзыухар. Актер щIалэщIэри абы ягъакIуэ яхуэу театрыщIэр зыхуейхэмкIэ кьызэгъэпэщыкъалэныр и пщэм кьыдальхьэри. Артер, Артур, Музыкэ театрыр кьыщыхэIуаха махуэм ар зыми хуэмыныкъуэжу лэжьэным хуэхъуэзырт: сценэр зэпэщт, залышхуэм и тIысыпIэхэр хьэзырт, зыхуей Iэмэпсымэхэр яIэт.

Музыкэ театрым и унафэщIу ягъэува Темыркъан Владимирр абы и кьуэдзэ ящIа Шумахуэ Владимирр кьаруушхуэ ирахьэIащ театрым и дзэкьыгъэр унэтIыным теухуауэ.

ЗфIкI зиIэ дзэкьакIуэр нэгъуэщI IэнатIэхэмкI унафэщIу пэрытащ. КьащIтэмэ, Кинофикацэмкl Налшык кьалэ Гуэхуэдан Iэм и унафэщIу. ЩIнхабзэм и дзэкьакIуэхэм я профсоюз комитетым, Щоджэнщ1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и тхьэмадэу щытащ. Абы щыгъуэ я театрым адыгэ, балъкъэр труппэхэр щылажьэрт. ТеатритI зы унэм щыIэздзэлэжьынкIэ мытынщми, ехьулIныгъэ яIэу, щIыхь куэди а Iуэхущ1апIэхэм къекIуалIэу я кьалэнхэр ягъэзащIэрт. Спектакль нэхъыфIэр щагъэувари а зэманырщ.

Иныжь илъэс 19-м щIигъуэу Шумахуэр и унафэщIщ Налшык дзэ Iуащэ театрым.

- Гуащэ театрым и спектакльхэр бгъэувыну хуабжьу гугъущ, - жеIэ Шумахуэм. - Мыбы и лIыхъужьхэм я нэхъыбэр псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэщ. Ахэр псори гуащэ гъэхъэзырыкI хуейщ, ахэр бгъэдэжгун, бгъэпсэльэн папщIэ зэфIкIыпхуэ пхэлIапIэщ, гуащэр I1ыпхьэ зэрызеБгъакIуэри уи псалъэхэри зэтебгъэхуэну тыншкъым. А гуащэ къомыр хуэпэнырщ-щэ? Ахэр зыхуэя хуэгъэзэнымкIэ лъэкI кьыгъэнэркъым си кьуэдзэ Дзэдгъэф Мартин. Ар икIи IэкIуэльакIуэщ, икIи лэжьакIуэщхуэщ.

Зи тхьэмадэ икIи зи художественнэ унафэщI Iуэхущ1апIэм щылажьхэхэм ятепсэлъыхь пэтми зэтыщIыгъкъым Шумахуэм. Гуащэр зыгъэхъэзырхэм, ахэр Iэзэу зыгъэджэгухэм я щIэныгъэIуэкIэ, псалъэ гуапэ хужеIэ Техьэн Мурат, Куэшэр Анзор, Михайловэ Маринэ, Къумыкъу ФатIимэ, Боташев Динарэ, режиссерым и дзIэпыкъуэгъу, зи Iэщ1агъэм фIы дыдэу хэзыщIыкI Бесчокъуэ Нинэ. Гуащэ суэрэхэр щIынымкIэ, сценэр гъэдэхэнымкIэ щIэтхъэкъуэныфI мэхъу суэрэтыщI Iэзэхэу Щхьэцэ Владимир, Пщьхьэщ Хьэсэн, Къудей МэчрэIиал сымэ, нэгъуэщIхэри.

Гуащэ театрым и спектаклхэр ехьулIныгъэ иIэу щагъэльагъуэ Iнир. Гуащэ суэрэхэр щIынымкIэ, сценэр гъэдэхэнымкIэ щIэтхъэкъуэныфI мэхъу суэрэтыщI Iэзэхэу Щхьэцэ Владимир, Пщьхьэщ Хьэсэн, Къудей МэчрэIиал сымэ, нэгъуэщIхэри.

Гуащэ театрым и спектаклхэр ехьулIныгъэ иIэу щагъэльагъуэ ди республикэм щыIэ сабий унэхэм, гъэсапIэхэм, еджапIэхэм. Апхуэдэу театрыр щыIащ ди гъунэгъу республикэхэми. Ди Гуащэ театрымрэ Дагъыстаным, Осетие Ищхъэрэ - Аланием я театрхэмрэ я лэжьыгъэхэмкIэ зохъуажэ, зэкIэлъэкIуэ. Мы зэманым театрым зыхуегъэхьэзыр Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Кавказ Ищхъэрэм и нэгъуэщI Дагъыстаным, Осетие Ищхъэрэ - Аланием я театрхэмрэ я лэжьыгъэхэмкIэ зохъуажэ, зэкIэлъэкIуэ. Мы зэманым театрым зыхуегъэхьэзыр Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Кавказ Ищхъэрэм и нэгъуэщI республикэхэм я зэфIэкIэхэр зэрыщIигъэлъэгъуэным.

Апхуэдэщ и дзэкьакIэр, и дуней тетыкIэр Шумахуэ Владимир. Ар зыщIыхуэм, ди дзлажьэхэмрэ ноби кьыбгъэдэтхэмрэ жеIэхэр кьызэщIэпкъуэжмэ, Владимир лIы пхъашкъым, ауэ ткIийщ, псэльэрейкъым, ауэ жиIэр пхокI, Iэпэм кьепшэкIыфынуэм ящыщкъым, ауэ я уэ жыпIэми гупсэхуу кьедэIуэнущ, эзи унгъэнкIэнукъым, ухуэгушхуэмэ фIэфIщ, ауэ узытригъэгушхуэнукъым...

И унагъуэкIи хьарзынщ. И щхьэгъуэ Фариэзэ пенсэм кIуэху сатум хэтащ. ЗэгурыкIуэрэ зэдэIуэжу псэу зэщхьэгъуэсэм щIалищ зэдапIащ. IэнатIэ ныжьыкъ Руслан КьБКъУ-м и кьудамитI кьнухащ, инженер икIи экономистщ, «Минстрой» ООО-м и генеральнэ унафэщIщ, щIыпIэ самоуправленэм и Налшык кьалэ Советым и депутатщ. КъыкIэлъыплъу Арсеин КьБКъУ-р кьнухащ, Урысей Юг-Медиа ООО-м и генеральнэ унафэщIщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутату иджыблагъэ хахащ. Зыльи и кьуэш курытым и гъусэу мэзажь, юристщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэзджэм зегъэужьыным Шумахуэ Владимир хуищIа хэпхъэныгъэхэр гульытэншэу къэнакъым. 1985 гъэм абы фIащащ КьБР-мгъуэзджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ цIэ льапIэхэр, щIыхь тхыль, дамыгъ, саугъэт хуэ хуагъэфэщащ.

Шумахуэ Владимир и ныбжьыр илъэс 70 зэририкъуамкIэ дохьуэхьу, гукъыдэжрэ зэхащIыкIыжу, ахэр зыщIэлъ гъунэгъу ехьулIныгъэрэ иIэну ди гупсэр.

Гуащэ театрым и лэжьакIуэхэр.

**ЗУЭРЫШ Нурхьэлий,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым ныбжьыкIэ журналист.*

# Зи IэщIагъэм хуэпэж Куэшэр Михаил

**● Узыншагъэ**

ДЭТХЭНЭ зы щыхум дежкIи лъапIэщ узынщагъэр. Абы и пIыварэхэм яхэтщ зи IэщIагъэм хуэIэижь, щыхуэхэм я гум, я псэм дыхьэ дохутыр тельыджэхэр. Абыхэм ящыщщ нобэ зи гугъу фхуэсщIыну хирургыр Куэшэр Михаил. Тэрч куейм ар зымыщIыху ису къыщIэкIынкъым, пщIэ хуащ, фIыуэ яIъагъу и Iэзагъым, зэхэщIыкIымрэ гуапагъэмрэ папщIэ.

Плановэкэ (Ботэщей) кьуажэ школым кIуэ ныбжьыщIэм и классэгъуэхэм якрипIэрт хирургыр зыгуэрыхуейр. Еджэным кьыщыдэхуэм, абы зэманым щIигъкIуэрт кьуажэ библиотекэм, медицинэм ехьэлIауэ ясыщIигъуатэ тхьылъхэр щIидакъыкIырт. Курыт еджапIэр кьынухри, Михаил щIэтIысхьащ Осетие Ищхъэрэм щы- Iэ медицинэ институтым. ЩIэныгъэ зэрызригъэгъуэтым кьыдэкIуэу, кьыхиха Iэщ1агъэм зэрыхэзгъуэзэным нужь итт Михаил. Институтыр кьэзыуха дохутыр щIалэм и лъэхэм кьегъэзэж икIи 1961 гъэм щыщхьэм Урожайнэ дэт учаскэуэ сымаджэщым ягъакIуэ. Ящэ щыкIэ хирургыу лэжьэн щIидзащ, нужьым сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ ящIащ. Операцэ щащ1 IэнатIэ кьыхэIуихри, Iэщ1агъэлIкIи зыхуеину Iэмэпсымэкiи кьызэригъэпэщащ. Михаилщ Урожайнэ сымаджэщым яго операцэхэр щызыщIу щIэзыдзар.

ЯщэкIэ укIуэтэн папщIэ, махуэ кьэс щIэуэ кьежьэм уэхгъуэзэн, уи щIэныгъэм хэбгъэхъуэн уи щIэхуэгъэ. Арати, Михаил и щIэныгъэм щыпищащ Дон Iус Ростов дэт медицинэ академием. Квалификацэ нэхъыщхьэ иIэу кьэзыгъэзэжа Куэшэр Iэрч район сымаджэщым и хирургыр кьудамэм и унафэщIу ягъэуващ. Аращ пластикэ операцIэ гугъур яIэу куейм щыщIыпи щIэзыдзар. И дзэжьыгъэм ехьэлIауэ зыIууа гугъуехьэм тебгъэпсэлъэхьыну ухуеижьэмэ, кьыбжьIэр зыщI: «Операцэ кьыхэзгъуэкI щыIэжьым». Куэдым дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуащ нобэми зи IэщIагъэм и лъэхэм кьегъэзэж икIи 1961 гъэм щыщхьэм Урожайнэ дэт учаскэуэ сымаджэщым ягъакIуэ. Ящэ щыкIэ хирургыу лэжьэн щIидзащ, нужьым сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ ящIащ. Операцэ щащ1 IэнатIэ кьыхэIуихри, Iэщ1агъэлIкIи зыхуеину Iэмэпсымэкiи кьызэригъэпэщащ. Михаилщ Урожайнэ сымаджэщым яго операцэхэр щызыщIу щIэзыдзар.

Куэшэр Михаил и IэщIагъэм, лэжьыгъэм зэрыхуэпэжьым и щыхьэтщ абы кьыхуащIа гупсыгъэхэр - фIыщIэ, щытхъу тхьылъхэр, саугъэтхэр. Ар зэрыгушхуэхэм ящыщщ КьБР-м и ЩIыхь тхылъыр кьызэрыхуагъэфэщар. Куэшэрыр лэжьыгъэм и ветеранщ. И лэжьыгъэфIы папщIэ» медалыр зэрехьэ. IэнатI мытынщым зэрыпрыбытым кьыдэжIуэу, жылагъуэ Iуэхуэмрэ лъэжьэру хэтщ Михаил. Ар Урожайнэ кьуажэ, Тэрч район советхэм я депутату щытащ.

Михаил и ныбжьыр илъэс 70 мэхъуащ, абы щыщу 46-м докутыру мэлажьэ. Абы и деж кьекIуалIэ зэтехьэмэ ещIэ, зи IэщIагъэм хуэIижь IэщIагъэлI нэсым зэрыпэщIэхуар.

Ди гуапэщ Куэшэр Михаил и узыншагъэр мыкIуэщIу, дэрэжьэгъуэ гушхуэныгъэрэ хэлъу иджыри куэдрэ и Iэнатlэм пэрытыну.

*Сурэтри тхыгъэри зейр* **БЭРЗЪУН Кьаэмыкъхьанщ,**
*Тэрч районым, Урожайнэ (Абен) кьуажэм.*

**● Дэ кьытхуатх**

# Къэзанхэ

**Къулыкъушхуэ Ипщэ кьуажэм (Абзуанхьэблэ) дэса ди адэ-анэхэу Къэзанхэ Талъостэнрэ Бижанрэ дахэу зэдэпсэуащ, кьуажэдэсхэм пщIэ кьыхуащIрэ чэнджэщэгъу яхуэхъуу. Нобэ дунейм тетыжкъым ахэр, ауэ абыхэм гьащIэм щыхэща лъагъуэм ирокIуэ я бынхэмрэ абыхэм я щIэблэмрэ.**

... ДИ АДЭМРЭ ди анэмрэ тIуми я щIалэгъуэ дахэт, зэпэмыжьжьэуи псэухэрт. Нэхъыжьхэм жаIэж ахэр фIыуэ зэрыльагъуу икIи зэхуэфащэ дыдэу зэрыщIэуэ зэрыщытар. Зэщхьэгъуэсэхэм нэмысышхуи яхэлът. Ди адэм и анэр кьыбгъэдэсу дыпсэурти, зыми «папэ» жыпIэжьми ди адэм щхьэкIэ, анэшхуэр Талъостэнт зэрелджэри, дзэр абы дыкъытенащ.

Зэмыщэ зэрыпхъыкIуэхэр ди къэралым кьыщытеуам, си адэрэ и кьуэшищри фронтым щыщIэсыжу, Си адэ кьуэш нэхъыжь Дзадзурэ си адэмрэ кьагъэзэжащ, ауэ я шы нэхъыщIитIыр хьыбарыншэу зауэм хэкIуэдащ. Зыр щIалэ фызкъэмышэт, Асльэнбэч бынит I кьыщIэнэри и щхьэгъуэсэ Сэлимэт фызабэ хуэат.

Зауэ нэужь лъэхъэнэм зыльхуэхэр шхын, щыгъын хуэныкьуэу зэрекIы. Щхьэж и кьалэн зэрыдгъэззэщIэн иужь дитт.

Кьуажэдэсхэм пщIэ зыхуащIэхэм ящыщт ди адэр. Гупыр игъэгупыр, нэхъыжьхэм чэнджэщагъу яхуэхъурт, нэхъыщIэхэм я ущиякIуэт. Кьуажэм и тхыдэм, адыгэ лъэпкъым и кьекIуэкIыкIам теухуа хьыбар куэд ищIэрт.

Зэрыбынибгъу дыхьэрти, псори унагъуэ ихьащ, ди адэкъуэшбынхэу Мэремрэ Маржэнэтри дэкIуащ. Ди анэр пасэу, илъэс 63-рэ фIэмIа мыпсэуауэ, дунейм ехьжащ.

Гугъут щхьэгъуэсэнщэу кьэна ди адэм и Iуэхур. Ар зыхэтщIыкIри, ди адэм щхьэгъуэсэ кьыхуэтIэщэжащ. Ахэр ди дэлъху кьэзыдзэ Сетхьэлий гъэдэтIысхьэжри, зэгурыIуэу псэуахэщ. Ауэрэ, зауэм ныкъуэдыкIыжьауэ, ди адэм и уэсыр кIэщI-кIэщIурэ кьэIэ хъури, илъэс 83-рэ и ныбжьу дунеим ехьжащ. Псалъэ къэзыхьыфэ цIыхущ Сетхьэлий. Ди адэ-анэр дунейм ехьжа нэужь, ди адэ къуэшым и щхьэгъуэсэ Сэлимэт зришэлIэжри езым и деж щIэлъащ. Мэремрэ Маржэнэтри я дыщ щIантIэр ягъуэтыжащ. Сытки арэзы кьыддэхъуу, и зэрэдэмыр диIыгъуэ абы бгъэдэдэ ди нысэ ФатIимиз фIыщIэ ин хуэфащэщ.

Зэдэлъхуэзэшыпхъухэм ди щIэблэм щапхъэ яхуэхъур ди адэ-анэм дагъэщIауэ нобэ дыэытет хабзэ дахуэщ. Гур хегъахъуэ IэнатIэ зэхуэмыдэжэм пэрыт ди щIалэгъуалэм я Iуэхущ1апхуэкIэм. Дрогушхуэ Сетхьэлий илъэс кьэрал псом щыщIэрыпIуэ уэрэджьIакIуэ Къэзан Сэтэней.

Къэзанхэ Сетхьэлийрэ Сэтэнейрэ. *2007 гъэ*

**МАМБЭТ Лидэ**

Къэзан Талъостэн.

**● Хьуэжьу**

Дахагъэу щыIэмкIэ нэхъыжьхэр зыхуэхъуапсэр я щIэблэрщ. Дэри диIэщ ди гугъапIэ дахэхэр зэтхьэлIэ, фIыгъуэу дунейм тетыр къызэхъуIэну дыхуей хьыджэбз цIыкIу - Тэтэр Маринэ Анзор и пхъур. Гъатхэпэм и 20-м ди щIащ гъэфIэным и ныбжьыр илъэс 14 ирокъури, ди гуапэу дохьуэхъу:



**Нобэ хуэдэу удахэу, Уи Iуэху сыткIи ефIакIуэу, Узыхэтым уадекIуу, Дунейм екIур уи фащэу, Уи щIэныгъэм хабгъахъуэу, Лъэпкъ нэмысыр уи хабзэу, Насыпу щыIэр уи натIэу, Нэхъыжьхэр кьыпхуэгугапэу, НэхъыщIэхэм уращапхъэу, Уи гугъэмрэ гъащIэмрэ зэтехуэу Куэдрэ Тхьэм уигъэпсэу!**

*Уи анэшхуэхэу Щомахуэ ХьэIишэт, Тэтэр Раисэ, уи анэ Марианнэ.*

**● Адыгэбзэм и махуэ**

# Псори къыщежьэр

**Адыгэбзэм и махуэм, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кьудамэм щеджэну хуейхэр зэрырагъэблагъэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологие институтым адыгэбзэмрэ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я IуэрыIуатэмрэ литературэмкIэ и кафедрэхэм кьызэрагъэзэнэщауэ пшыхь еIуэкIащ.**

АБы КьАРГъЭБлЭГъАТ щIэныгъэлIкIэ, тхакIуэхэр, усакIуэхэр, студентхэр, курыт школхэм я егъэджакIуэхэр, мы гъэм 11-нэ классыр кьэзыухэм ящыщу адыгэбзэмрэ литературэмрэ хуеджэну мурад зыщIа ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ.

Пшыхьыр ирагъэкIуэкIащ адыгэбзэмкIэ кафедрэм и егъэджакIуэ иэхъыжь Бэзуэ Мадинэрэ бзэ щIэныгъэхэм я кандидат Унэлокъ уэ Вячеславрэ. Зэйуэпэр кьызэIуаха нэужь, абыхэм псалъэ ираташ адыгэбзэ кафедрэм и унафэщI Тау Хьэзешэ, Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я Iуэрыуатэмрэ литературэмкIэ кафедрэм и унафэщI ЦыпIынэ Аслъэн сымэ.

- Лъэпкым и псэр зыхэлъыр и бзэрщ, - жиIащ Тау, - Ди адыгэбзэм и кьэкIуэнэр Iупщ1 дыдэу зэрыщымытым кьыщжеIэ анэдэлIк1э убзэм гулъытэ хуэтщIын зэрэхуейр.

Кьызэрагъэльэгъуэ, абы щыгъуэ гупыгъэхэр - фIыщIэ, щытхъу тхьылъхэр, саугъэтхэр. Ар зэрыгушхуэхэм ящыщщ КьБР-м и ЩIыхь тхылъыр кьызэрыхуагъэфэщар. Куэшэрыр лэжьыгъэм и ветеранщ. «И лэжьыгъэфIы папщIэ» медалыр зэрехьэ. IэнатI мытынщым зэрыпрыбытым кьыдэжIуэу, жылагъуэ Iуэхуэмрэ лъэжьэру хэтщ Михаил. Ар Урожайнэ кьуажэ, Тэрч район советхэм я депутату щытащ.

Михаил и ныбжьыр илъэс 70 мэхъуащ, абы щыщу 46-м докутыру мэлажьэ. Абы и деж кьекIуалIэ зэтехьэмэ ещIэ, зи IэщIагъэм хуэIижь IэщIагъэлI нэсым зэрыпэщIэхуар.

Ди гуапэщ Куэшэр Михаил и узыншагъэр мыкIуэщIу, дэрэжьэгъуэ гушхуэныгъэрэ хэлъу иджыри куэдрэ и Iэнатlэм пэрытыну.

*Сурэтри тхыгъэри зейр* **БЭРЗЪУН Кьаэмыкъхьанщ,**
*Тэрч районым, Урожайнэ (Абен) кьуажэм.*

# Мафlэсу 144-рэ

**КьБР-м Мафlэсым пэщIэтыныкIэ и къэрал Iуэхущ1апIэм щыIэхалъхьажащ 2009 гъэм и яп мазитIым я лэжьыгъэм кьрикIуахэр.**

ЩIыпIыIэмрэ мазаемрэ республикэм мафlэсу 144-рэ кьыщыхьуащ, абыхэм сом мелуани 2-рэ мин 890-рэ я уасэ хэщIыныгъэ кьащIащ. Мафlэсхэм щыхуэн 3 хэкIуэдащ, 15-м фэбжь хахащ.

Сыт щыгъуи хуэдэу, мафlэс нэхъыбэ кьыщыхьур псэупIэхэрщ, ахэр процент 55,6-рэ мэхъу. Бзэкlэ мазитIым насыпныщагъэхэр нэхъыбэу кьрикIуащ тутын щефэм зэрымысакъам, сабинхэр мафlэм зэрыриджэгуамхуэм, зэрагъэпIэ хьэкуэм сэкъат зэраIэм.

**СЭБАН Арсен,**
*КьБР-м МафlэсымпэщIэтыныкIэ и къэрал кьулыкъуэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лъэхъэнэм.*

# Зи IэщIагъэм хуэпэж Куэшэр Михаил

**● Узыншагъэ**



ЯпэкIэ укIуэтэн папщIэ, махуэ кьэс щIэуэ кьежьэм уэхгъуэзэн, уи щIэныгъэм хэбгъэхъуэн уи щIэхуэгъэ. Арати, Михаил и щIэныгъэм щыпищащ Дон Iус Ростов дэт медицинэ академием. Квалификацэ нэхъыщхьэ иIэу кьэзыгъэзэжа Куэшэр Iэрч район сымаджэщым и хирургыр кьудамэм и унафэщIу ягъэуващ. Аращ пластикэ операцIэ гугъур яIэу куейм щыщIыпи щIэзыдзар. И дзэжьыгъэм ехьэлIауэ зыIууа гугъуехьэм тебгъэпсэлъэхьыну ухуеижьэмэ, кьыбжьIэр зыщI: «Операцэ кьыхэзгъуэкI щыIэжьым». Куэдым дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуащ нобэми зи IэщIагъэм и лъэхэм кьегъэзэж икIи 1961 гъэм щыщхьэм Урожайнэ дэт учаскэуэ сымаджэщым ягъакIуэ. Ящэ щыкIэ хирургыу лэжьэн щIидзащ, нужьым сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ ящIащ. Операцэ щащ1 IэнатIэ кьыхэIуихри, Iэщ1агъэлIкIи зыхуеину Iэмэпсымэкiи кьызэригъэпэщащ. Михаилщ Урожайнэ сымаджэщым яго операцэхэр щызыщIу щIэзыдзар.

«Адыгэ псалъэ» статьяхэр, «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр **Ахъмэт МуIэед Борис и къуэмрэ Къэзанш (Ахъмэт) Людмилэ Борис и пхъумрэ** яхуогушэвэ **Ахъмэт Мусэ Борис и къуэр** дунейм зэрехьжам кьыкIыIу.

**Редактор нэхъыщIхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

**ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщIхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщIхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (хуэдэ зыхь секретарь), **Гъущlо Зариф, ЖылаСэ Маритэ, Льостэн Муэз, Ныбжьэ Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

**360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешIанэ я кьатхэр.**

**ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщIхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщIхьэм и кьуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; хуэдэ зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.**

**КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; цIыкIубзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядзлажьэмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдэIэкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехьэм - 42-75-78.**

**Теддзэ тхыгъэхэм зыщыкIыхьа бжьыгъэхэм, къышIэгъэ Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жуэан яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтехуэ зэныту щытыкIэм.**

**Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщ дольщ КьБР-м федеральнэ пошт зэнаIэнаIэхъэмкIэ и управленэм.**

**Тел.: 42-06-51, 42-19-59.**

**Газетыр щыщмкIэ жуэан ехь КьБР-м и "Роспечать" АО-м.**

**Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIигу ятхащ.**

**Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.**

**КьБР-м ЩIэныгъэмрэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа РеволюцIэм и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.**

**Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытыдзар сыхьэт 21.00-рщ.**

**Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №842**

**● Дзюдо**

# Урысей зэпеуэм зыхуагъэхьэзыр

**Иджыблагъэ Самарэ щекIуэкIащ дзюдомкIэ ЦСКА ВВС-м и зэхьэзэхуэ зэIуэха. Абы хэтащ спортсмен 120-рэ (илъэс 23-рэ ныбжьым кьрипбыщэхэр). Ди республикэм и лIыкIуэхэр 17 хъ урт.**

ДИ ДЗЮДОИС ТХ ЭМ зэфIэкI хьарзынэ зэрэIэр кьагъэльэгъуащ. Пщащэмэ сэхуэ щыщу Сэхьу Зарят ещанэ увыпIэр кьихьащ.

Ди щIалэхэу Бекьул Роман (кг 66), БэрэсэджИслъам (кг 90), Кьуэжакъ Аэзмэт (кг 100) сымэ бжьыпэр яубыдащ, Хьэпщ1э Артур (кг 100-м щIегъу) дыжьын медальр кьыльысащ, ещанэ хьуащ Мэремыкьуэ Аэзмэтрэ (кг 73) Салыхов Муратрэ (кг 100-м щIегъу).

Мы зэпеуэм щытекIуэхэр хэтынущ мэлыжьыхьым и 30 - накьыгъэм и 5-хэм Урысейм и зэхьэзэхуэ Владикавказ щекIуэкIынym.

**ЖЬЛАСЭ Замир.**

**● Гу зытытапхъэ**

# Зи чэзу къалэнхэм ятеухуауэ

2009 гъэм мэлыжьыхьым и 4-м Налшык къалэм щекIуэкIынущ щагъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэхуэсыр. Абы щытепсэльыхьынущ КьБР-м щыIэ жылагъуэ-политикэ щытыкIэмрэ лъэпкъым кьыпэщыт зи чэзу къалэнхэмрэ. Зэхьэхэр щыIэзэхьэтынур Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэрщ.

Зэйуэм щыщIидзэнур сыхьэт 10-рщ.

*Зэхуэсым и кьыдогъэпащкIуэ комитет.*

**● Дзюдо**

# Урысей зэпеуэм зыхуагъэхьэзыр

**Иджыблагъэ Самарэ щекIуэкIащ дзюдомкIэ ЦСКА ВВС-м и зэхьэзэхуэ зэIуэха. Абы хэтащ спортсмен 120-рэ (илъэс 23-рэ ныбжьым кьрипбыщэхэр). Ди республикэм и лIыкIуэхэр 17 хъ урт.**

ДИ ДЗЮДОИС ТХ ЭМ зэфIэкI хьарзынэ зэрэIэр кьагъэльэгъуащ. Пщащэмэ сэхуэ щыщу Сэхьу Зарят ещанэ увыпIэр кьихьащ.

Ди щIалэхэу Бекьул Роман (кг 66), БэрэсэджИслъам (кг 90), Кьуэжакъ Аэзмэт (кг 100) сымэ бжьыпэр яубыдащ, Хьэпщ1э Артур (кг 100-м щIегъу) дыжьын медальр кьыльысащ, ещанэ хьуащ Мэремыкьуэ Аэзмэтрэ (кг 73) Салыхов Муратрэ (кг 100-м щIегъу).

Мы зэпеуэм щытекIуэхэр хэтынущ мэлыжьыхьым и 30 - накьыгъэм и 5-хэм Урысейм и зэхьэзэхуэ Владикавказ щекIуэкIынym.

**ЖЬЛАСЭ Замир.**